ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ЛІЫКІЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№128 (22.536) • 2013 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 5, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэр зыІыгъэм ират ахъшэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъуэр зыІыгъэм я улахуэхэм я Іуэхухіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м кыдигъэкІа Указ №47-УП-м (гуэдзн №-2-м и Іыхъэ 1-м) зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн икІи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, суд органхэм щыІэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэр», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и Секретарь», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и Секретарым и къуэдзэр», «Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэр», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъэр», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІыр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и пресс-секретарыр», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и дэІэпыкъуэгъуэр» сатырхэм ЫкІалъэлыкІуэ «5,0» бжыгъэхэр «3,5» бжыгъэхэмкІэ зэхъуэкІын.

2. Мы Указым къару егъуэт 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм накъыгъэм и 23-м
№76-УГ

«КъАССР-м, КъБАССР-м, КъБССР-м, КъБР-м и къэрал властымрэ управленэмрэ я органхэм къулыкъуэр щызыІыгъа цІыхухэм я къэрал пенсэм хущІагъу ахъшэм и Іуэхухіэ» 1997 гъэм Іыгъхэпэм и 24-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кыдигъэкІа Указ №35-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «КъАССР-м, КъБАССР-м, КъБССР-м, КъБР-м и къэрал властымрэ управленэмрэ я органхэм къулыкъуэр щызыІыгъа цІыхухэм я къэрал пенсэм хущІагъу ахъшэм и Іуэхухіэ» 1997 гъэм Іыгъхэпэм и 24-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кыдигъэкІа Указ №35-м мы кІэкІэлъэлыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) псалъэцІыкІэм хэт «къэрал пенсэр» псалъэхэр зэхъуэкІын «пенсэр» жиІэу;

б) пункт 1-м хэт «къэрал пенсэр» псалъэр зэхъуэкІын «пенсэр» жиІэу;

в) пункт 2-м:

япэ абзацым хэт «Урысей Федерацэм щат къэрал пенсэхэм я Іуэхухіэ» Урысей Федерацэм и Законым ипкъ иткІэ ягъэуба къэрал пенсэр» псалъэхэр зэхъуэкІын «Урысей Федерацэм зэрылэжьам папщІэ щат пенсэхэм я Іуэхухіэ» 2001 гъэм дыгъуасэм и 17-м кьащта Федеральэ закон №173-ФЗ-м ипкъ иткІэ ягъэуба пенсэр» жиІэу;

ятІупанэ абзацым хэт «къэрал пенсэр» псалъэхэр зэхъуэкІын «пенсэр» жиІэу;

г) пунктхэу 3-мрэ 4-мрэ хэт «къэрал пенсэр» псалъэхэр зэхъуэкІын «пенсэр» жиІэу;

д) пунктхэу 5-мрэ 6-мрэ хэт «къэрал пенсэхэм» псалъэхэр зэхъуэкІын «пенсэхэм» жиІэу;

е) гуэдзэнхэу №1-мрэ №2-мрэ я псалъэцІыкІэм хэт «къэрал пенсэр» псалъэхэр зэхъуэкІын «пенсэр» жиІэу.

2. Мы Указым къару егъуэт официальныгъ къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м
№103-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и лъэбакъуэщІэ

Республикэм щрагъажьа проектым хуэдэ Урысейм щыІэкъым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Май районым яужь зыщыхьар ильэс зыбжанэкІэ зыпэпльа Іуэхуу - абы щрагъэжьащ Кавказ Ищхъэрэм и мызакъуэу Урысей псом щынэхъ ин дыдэу полимер къабзэхэм щелэжьыну «Этана» заводым и ухуэныгъэр. Проектым и концепцэр 2010 гъэм и гъэмахуэм къыхалъхьауэ щытащ. Абы щытхъуэ ди къэралым и экспертхэм ар тегушхуауэ даІыгъатэкъым. Сыту жыпІэмэ, «Этана» предприятэм хуэдэу дуней псом щыІэр пщІы бжыгъэ зыбжанэщ, я нэхъыбэри Азием щызэгъэуІуащ. Компаниемэ зыгрипщытыр кьалэнышхуэІуэтэн, ар псынщІэу икІи тэмэму яхуэзфІэхьну фІэщщыІыгъуейт.

ПОЛИМЕРХЭР - кІэух нэгъэса зиІэ лэжьакІэм тегъэпсыхьауэ зэтраухуэну ІэнатІэ ин дыдэм и щІэдапІэщ. И кьалэн нэхъыщхьэр ерыскъы промышленностым папщІэ къыщІагъэкІыну полиэтиленгерефталатыр и лъабжьэу, ВТО-м къигъэувхэм япэхъуну продукцэ щагъэхьэзырыну агрокластер къызэгъэпэщыныгъ. Къищынэмыщ1ауэ, къэралым и Ипщэ щынальэхэм я экономикэм дапщэщ ІувыпІэ хэха щызыІыгъ промышленность псынщІэр къаІэтыжьын щхьэкІэ, щэкІ Іуэхущ1апІэкъэм папщІэ полимерхэр къыщІагъэкІынущ. Компаниер полимерхэм езырезыру елэжьынущ, заводыр ирагъажьэмэ, абы ІэнатІэщІэхэр къыдэнэжнущ. Предприятэм и Іэшэлъашэм (гектар 60-м нблагъэм) ильэс псом хадэхэкІэр щагъэхьІныну теплицэ пщІы бжыгъэхэм, Іэщ, бдзэжьей хозяйствэм я индустриальнэ парк зэІуэзпэщ къыщыуэхэнущ. Ухуэныгъэм къыдэкІуэу, сабий гъэсапІэхэр, иджырей спорт комплексхэр, нэгъэщІ псэуальэхэр хэту «Этана» заводым и лэжьакІуэхэм папщІэ ягъэтІысыжну поселкэр зыхуэдэнур зрагъэбелджылы. Предприятэр цІыху миным яухуэнкІ, 350-р а щІыпІэм щыщІ. ЯутІыпщ1мэ, республикэм и цІыху мини 3,5-м нблагъэ лэжьыгъэкІэ къызэригъэпэщынущ, щІыналъэ бюджетым ильэсым сом мелард хэхъуэу къыхуихьынущ. Проектыр и кІэм нагъэсмэ, ІэнатІэщІэхэр къызэІуІахынущ, абыхэмэ цІыху мини 5-м щІигъуи лэжьыгъэ щагъэгъэтынущ, Къэбэрдей-Балъкъэрым хэхъуэ нэхъыбэ къыІэрыхьэнущ. Республикэм псэуальэпхъэхэр щызыгъэхьэзырхэми я фейдэ хэлъщ - ухуэныгъэм ирахьэлІэнухэм я процент 30-м нэсыр абыхэм я деж къыщащэхунущ.

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, егъэлеяуэ дышэчыщІщ, - жеІэ «Этана» заводым и унафэщІ Іэщын Сергей. - Ди проектым къэрал щэсыпІэхэр къратын и пэ кьыхуэу, дуней псо экономикэм и зыужьыкІэр, Кавказ Ищхъэрэм бизнес Іуэхур зэрыщІэзэтеюгъэ ильэс зыбжанэкІэ дджащ, программэм и дэтхэнэ пунктми кууэ делэжьащ. ФІэщхъуныгъэ тхэльти, мурадыр кьыдэхъуІащ.

Нэм фІэбэр Іэм ещІ

Проектыр ягъэлъагъуэу, къэрал щэсыпІэ зэригъэтрэ ильэсым нблагъащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен кьыщэзыхигъэщамкІэ, мы Іуэхур тегушхуэгъуафІэу щытакъым.

- ЗэрыжаІэщи, нэм фІэбэр Іэм ещІэ. «Этана»-м и концепцэр дгъэзэщІэн папщІэ дызыхуей псори диІэщ. ІэщІагъэлІ Іэззэхэр, жэдэкъмыщІхэр, къызэгъэпэщакІуэ жьыдэхрэр ди куэдиз. Дызытегушхуэ Іуэхур и кІэм зэрынэдгъэсынум шэч кьытесхьэрхькъым. Ди къалэн нэхъыщхьэр инновацэ экономикэм зегъэужьыныбрщ. НэгъуэщІхэм дапэхъун щхьэкІэ, иджырей технологиехэр кьэдгъэсэбэпын хуейщ. Агробизнесымрэ туризмэмрэ республикэм дежкІэ мыхъэнэщхуэ яІэщ. Ауэ промышленнэ ІэнатІэхэр къэдмыІэту, а тІум я къэхъкІэ цІыхухэм ІэнатІэ тхуетынукъым. Абы къыхэкІыу, сом мелард 15 - 20 и уасэ «Этана» инвестицэ проект иныр гъэззэщІэн зэрыщІэддзар Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм дежкІэ хэлъхьэныгъэщхуэщ, къыгъэльэгъуащ республикэм и Іэтащхьэм.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Иджы къуажэдэсхэм я упщІэхэм зыхуегъэхьэзыр

«КъБР-м и Іэтащхьэм еупщІ» телепроектым хиубЫдэу ягъэхъэзыра зи чэзу программэр теухуауэ щытащ узынщагъэр хьумэныкІэ ІэнатІэм и щытыкІэм. Къанокъуэ Арсен зэпкрыхьауэ тепсэльыхьащ ар кьыдэгъэщІэжьыгъэмкІэ медицинэм и лэжьакІуэхэм я Іуэху зыІутым.

КЪЫКІэЛЪЫКІУЭ программэр теухуауэ щытынущ КЪБР-м и агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным. Мэкъумэщ хозяйствэр республикэм и экономикэр кьэІэтыныжмкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ ІэнатІэхэм ящыщ. Иджыпсту абы хиубЫдэу инвестицэ проект инхэр ягъэзащІэ, иджырей технологиехэр зэтрагъэувэ. Мы ІэнатІэм хьэрычэт Іуэхум зыщиужь зэпытщ. Фермер, мэкъумэщыщІэ ныжьыщІэхэм кьэралыр ядоІэпыкъу. Республикэм апхуэдэу щагъэзащІэ Іэщ1агъэлІкІэр кьуаджэм щызэхьэн папщІэ зыхуеинэу Іэмалхэр кьахъэзэрэпэщыным хуэунэтІа программэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Мис абыхэм ятеухуауэ щытынущ Къанокъуэ Арсен кьыкІэлъыкІуэ программэм щригъэкІэжкІыну псалъэмакъыр.

Фи упщІэхэр КЪБР-м и Іэтащхьэм Интернетым щиІэ glava.kbr.ru сайтым кьеврэгъэх «КъБР-м и Іэтащхьэм еупщІ» жиІэу тетхауэ.

ЗэхъуэкІыныгъэхэм я телъхьэхэмрэ ахэр зымыдэхэмрэ

Къэрал Думэм и Унафэщ Нарышкин Сергей зэрыжиІамкІэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием зэхъуэкІыныгъэхэр щегъэжьугъэныным теухуа законопроектым тепсэльыхьыным бжыкъымэ пащэщ.

«Иджыпсту дызыхэлъэ законопроектыр ещанэ къьджэгъуэм кьытхьыжу еІуанэм къэтхьыжькІэ ІэнатІэ хъунущ бжыхьэ сессием, дигу зыхуэмызагъэ Іыхьэхэр абы кьыхэкІмэ е гу зылыпатхъэ дощІыгъужьныгъэхэр хуэщІын хуейуэ кьыхалъхьэмэ, Анхуэдэу делэжьа нэужькІ кІэух унафэр кьыщытщтэнур», - жиІащ Нарышкиным.

Академием и лэжьыгъэ кьызэгъэпэщыкІэр зэрахьуэкІыну кьызэрыхалъхьам щІыныгъэ1 куэд игъэІейтеиущ. Уеблэмэ пэкІуэхэмкІэ «мыерыщ» щІэныгъэ лэжьакІуэхэр я Іэмалым хуекІуащ икІи я мыарэзыныгъэр кьыщагъэлъэгъуа акцэхэр Москвам, Санкт-Петербургым, нэгъэщІ кьалэхэмк щекІуэкІащ. Іуэхум хьыхьэн хуей хьуащ кьэралым и Президент Путин Владимири. Вэсэмахуэ ар Кремлым щыІущІащ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и унафэщІ зэрыхъэрэр куэд мыщІа Фортов Владимир.

Путиным зэрыжиІамкІэ, законопроектым ущІызэдгъуэн куэд хэлъщ. «Сэ зэхъуэкІыныгъэхэм я тепльэхэмри ахэр зымыдэхэми я Іуэху еплъыкІэхэм щыгъуазэ зыщІащ. ЛъэныкъуитІми яІэщ арэзы узытехьуэ хъунухэр, апхуэдэуи Іуэхум хэлъщ ущІызэдгъуэ хъунэ, - кьыхигъэщащ кьэрал унафэщІм.

Мурси Мухьэмэд трагъэкІащ

Мысырым щызыужьыныгъэмкІэ и министр Фаттах ас-Сисси Абдель эзэригъэхащ я кьэралым и президент Мурси Мухьэмэд и кьэралым хэзыгъэкІам теухуа хьыбарыр.

Кьэрал унафэщІым и кьалэнрэ щІэныгъэ1 ящыщ1ыр, ІэнатІэ и щІэ1ыгъэ1ыр, Мысыр и Конституцэ судым и унафэщІ Мансур Адли.

Пшэч мыхъуну кьалъытэ

США-м и ЩІхьэхуитныныгъэм и махуэм кьалицэм ибдзагъэм щыпсэуХуэм мурад ящІащ уэрамхэм кьыдыхьэу щІыхухэм я псэукІэм ухэІэбэ мыхъуну кьэзыгъуэ хабзэр правительствэм кьызэрыгъэнидыр эрамыдэр кьыгъэлъагъэуну.

Щыхуэм зэракІэлъызепльэм, телефонкІэ щызэпсалъэкІэ зэракІэщІэдэІухьым, «щэхурылажьхэм я нэІэм щЭмыту» Интернет дыдэри кьагъэсэбэпыну Іэмал зэрамыгъэтэм игъэгубжьа американцхэм кьагъэуІуэ я конституцэм хуарит хуитныгъэхэр кьыхуэзрагъэпэщын хуеІуэ.

«2001 гъэм фокІадэм и 11-м къэхъуахэр щхьэхуэсыгъуэ ящІэрэ, щІыхуэхэм я щыналъэ ящІащэр кьызэрагъэпэщын щхьэкІэ Іэмал пыухьажьэ Іуэхущ1апІэхэм щІыхуэхэм я хуитныгъэхэр кьыхэпаудэ, дэтхэнэми хІуІущІыу имыщІмэ нэхъ кьищтэ Іуэхухэм хоІэбэ. Ар пшэч мыхъунщ», - жаІэ уэрамхэм кьыдыхьахэм.

НОБЭ

■1943 гъэм Курск деж щекІуэкІа зауэм щІидзащ. Ар бадзэуэгъуэм и 5-м щыщІэдзауэ щыщхьэІуэм и 23 пщІондэ екІуэкІащ.

■1957 гъэм Налшык Ленинм и фэеплъ кьыщыхэІуахащ.

■Венесуэлэ Боливарианскэ Республикэм елъэпкъапІэ щхьэхуит щыхьуа махуэр.

■**Армением и Конституцэм и махуэщ**

■ЩІэрджэс тхакІуэ **Абыкьу Хьалид** кьызэралъхьуэр иныкъо 113-рэ ирокъу.

■Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Апажэ Мухьэмэд** и ныбжьыр ильэс 83-рэ ирокъу.

■Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **Даут Юрэ** и ныбжьыр ильэс 72-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыжкІэ, Налшык пшэр техъэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЪЭКІЭМЫХЬУ Мариэт.

Лъэпкъ Іуэныгъэ:

Бгъэр бгъэкІэ ягъасэ, быдымыр быдымкІэ къагъуэт.

● КъБР-м и Іэтащхьэ

Иджы къуажэдэсхэм я упщІэхэм зыхуегъэхьэзыр

«КъБР-м и Іэтащхьэм еупщІ» телепроектым хиубЫдэу ягъэхъэзыра зи чэзу программэр теухуауэ щытащ узынщагъэр хьумэныкІэ ІэнатІэм и щытыкІэм. Къанокъуэ Арсен зэпкрыхьауэ тепсэльыхьащ ар кьыдэгъэщІэжьыгъэмкІэ медицинэм и лэжьакІуэхэм я Іуэху зыІутым.

КЪЫКІэЛЪЫКІУЭ программэр теухуауэ щытынущ КЪБР-м и агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным. Мэкъумэщ хозяйствэр республикэм и экономикэр кьэІэтыныжмкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ ІэнатІэхэм ящыщ. Иджыпсту абы хиубЫдэу инвестицэ проект инхэр ягъэзащІэ, иджырей технологиехэр зэтрагъэувэ. Мы ІэнатІэм хьэрычэт Іуэхум зыщиужь зэпытщ. Фермер, мэкъумэщыщІэ ныжьыщІэхэм кьэралыр ядоІэпыкъу. Республикэм апхуэдэу щагъэзащІэ Іэщ1агъэлІкІэр кьуаджэм щызэхьэн папщІэ зыхуеинэу Іэмалхэр кьахъэзэрэпэщыным хуэунэтІа программэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Мис абыхэм ятеухуауэ щытынущ Къанокъуэ Арсен кьыкІэлъыкІуэ программэм щригъэкІэжкІыну псалъэмакъыр.

Фи упщІэхэр КЪБР-м и Іэтащхьэм Интернетым щиІэ glava.kbr.ru сайтым кьеврэгъэх «КъБР-м и Іэтащхьэм еупщІ» жиІэу тетхауэ.

● Промышленность

Хуэди 2,4-кІэ

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм инвестицэ, инновацэ и щытыкІэкІэ и кьудамэм и унафэщІ Блэнауэ Заурбэч Налшык вольт гъаГэ Іэмэпсымэ заводым и акционерхэм я нэхъ зэІуцІэм директорхэм я советым и гъэмадзу щагъэуващ.

АПХУЭДЭУ нэгъабэ зэфІагъэкІахэр щызэхалъхьэжащ, кьэзыщІыгъэ комиссэр щыхахащ. Предприятэм и унафэщІ Махиев Абдуллыхь кьызэригъэтъэгъуамкІэ, сом мелуан 216,2-рэ и уасэ продукцІэ кьыщІагъэкІаащ. Ар ипэ ита ильэсым еГьытагъэ процент 243-рэ мэхъу. Заводым инновацэ проектитІ щагъэзащІэ. Абы тету, мафІэгуэхэм я электроІэмэпсымэхэр, мотор вагонхэр псынщІэ дыдэу токым зэрыпахэзэрыпащІэ Іудзапі эхъыщыщІэдзауэ 35-м нэс зэрагъэкІуэр, нэгъуэщІхэри кьыщІэгъэжьын щІадзащ.

Заводым пэщапІэхэр щрагъэфІэкІуэнущ, Іэмэпсымэхэр щахъуэжьнущ ахэр я тлабжьэу продукцІ ІэужьыщІэгъуэщІэхэм щелэжьынущ.

ИТТИЕВЭ Аминэ.

● Псы нэпкъхэр

Зэпымыуэ кІэлъоплъ

Бадзэуэгъуэм и 1 - 2-хэм я жэщым кьешха уэпкьыщхуэм Шэрэдык псым зыкъригъэІэтащ.

НЭПКЪХЭМ я хуэунытъэм и процент 70-м нблагъэр нэгъабэрей псыдзэм щызэтрикьутауэ щыта щІыпІэм комиссэм зэІуцІэ щригъэкІуэкІащ. ЗакаучныкІ - КъБР-м Хуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэм, подрядчикхэм - Дорремстрой ООО-м, Аруан районымрэ Старэ Шэрэдж къуажэмрэ я администрацэхэм я лІыкІуэхэм зэпкрахащ псыр кьыдэкІуэй хьужькьуэмэ, абы зэрыпащІэтыну щыкІэр.

Псыр щыкІащІхъэ жэпуэгъуэ-накьыгъэ мазэхэм метр 2250-рэ зыубыда а щІыпІэ кьуеИщІейм лэжьыгъэщхуэ щратэжьуэжьнущ. Мы зэманым подрядчикхэм ухуэныгъэм зыщІыхуеину псори ягъэхьэзыр. Зэкіэ зэІуцІэм унафэ кьыщащтащ кьызэрымыкІуэ щытыкІэм зэрапэщІэтыну техникэр нэхъ шынагъуэ зыпытІ щІыпІэхэм зэпымыуэ щагъэтыну.

СОКЪУР Риммэ.

Къалэ-лІыхъужьхэр зэпащІэ

● ПэкІу

Хэку зауэшхуэм зэрыщІидзэрэ ильэс 72-рэ щрикъум ирихьэлІэу, мэкъуауэгъуэм и 17-м, Налшык щрагъэжьауэ щыта автомобиль зекІуэр республикэм къыхьэжащ.

КЪАЛЭ-ЛІЫХЪУЖЬХЭР зэщІэгъэхьэныр зи пщэ дэзышъхьэж автомобиль зекІуэр зэхэщэныкІэ жэрдэмыр зейр Май щІыналъэм щыпсэухэу Ульбашевэ Надеждэ, Цыбин Іэнатэ, Джаппуев Аслъэнбэч сымэщ. Абыхэм ар Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм папщІэ ягъэзащІэгъэпэщэ фэеплъ тыгъэщ, езыхэри зекІуэм хэтащ.

ХэзтІохьуэщокьуей хадэм ит МафІэ мыужьыхьым деж гъуэгу тетахэр кьыщегъэблагъэжьным иращІэкІа Іуэхугъуэм хэтащ КЪБР-м щІыхуэб хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгуэхэныгъэхэмкІэ и министрым и кьудэзэ Минин Вячеслав, Урысейм и ДОСААФ-м и Кьэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэ Іэщын Юрэ, абы и кьуэдзэ МацІыхьу Хьусен сымэ, ветеранхэр, щалэгъуалэр.

Гъуэгу зэрытета махуищым кьриубыдэу, зекІуэм зэхэтащ Дон Іи Ростов, Воронеж, Курск, Орел, Брянск, Смоленск, Минск кьалэхэм щыІащ. Иужьрейуэ ахэр зэдэщІар тхыдэм кьыхэна Брест быдапІэрщ.

Пэжфэр езыгъэзыгъэкІар МацІыхьу Хьусенщ. Абы автомобиль зекІуэр кьызэзыгъэпащэхэм псалъэ дахэ яжриІэри, дэтхэнэ зыри зырызыхьэу кьыдишуэр, «Урысейм и ДОСААФ-р ильэс 85-рэ ирокъу» медалхэмрэ щЫхъ тхыльхэмрэ яритащ. ЗекІуэм хэта Цыбин Виктор Белоруссием и «Офицерхэм я зэгухьэныгъэр ильэс 20 ирокъу» медалри кьыхуагъэфэщащ.

- ФІыщІэ щхьэхуэ яхуэфащэщ, - жиІащ МацІыхьу Хьусен, - автомобиль зекІуэр здынэсха щІыналъэхэм щыІэ ДОСААФхэм. Абыхэм щылажьэхэр ди щІалэхэм кІуэр сыщылъхуа щІыналъэм зэрыщыІам, - жиІащ абы. - Гъуэгуанэр кьыщэзынэкІахэм гуфІэжу кьаІуэтэж хьыбархэм си гур хагъахьуэ. Щэч кьытесхьэркьым мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэм щынапхъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэу щыхухэм я зэныбжьэгъуитІэр зэригъэбыдэм.

Автомобиль зекІуэр зыхуей хуэгъэзэным хуэунэтІауэ лэжьыгъэфІ зэфІэзыгъэкІахэм ящыщщ Нарткъалэ дэт Аруан куей автомобиль еджапІэм и унафэщІ Гулэжьин Бесльэн.

- Псом япэрауэ, фІыщІэ ябгъэ щэхуэм и кьызэгъэпэщакІуэ гупым, - жиІащ Бесльэн. - Ахэр гъуэгуанэ мытынщым ещІ жыхуаІэр яжьащІуэ тетахэщ икІи зекІуэм и пщэ дилъхьэжа кьалэн псори игъэзэщІащ, - жиІащ Бесльэн.

ДОСААФ-м и республикэ кьудамэм и унафэщІ Іэщын Юрэ кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ:

- Белоруссэр дэ кьызэрытхуащытыр дымыгъэщІэгъуэн тлъэкІыркьым: а къэралым щылажьэ ДОСААФ-м и кьудамэхэри, «Офицерхэм я союз»-ри, Афганистаным щызэуахэм я зэгухьэныгъэри кьыщдэлэжьэну хьэзырхэщ. Куэд дэмыкІыу Берлин Іуэхум щІэтхьэнущ «Зауэ щІыхьым хухаха лъэс лъагъуэ» ухуэныгъэр. Абы ди республикэми Іыхьэ щхьэхуэ щыхухахьну дыкьагъэгугъащ.

Ильэс щыхьажэ и пэкІэ ДОСААФ-м и Кьэбэрдей-Балъкъэр къудамэм щылажьэхэр 115-нэ зыдивизэр щызэрауэ щыта Ростов областым и Мартыновскэ куейм кІуа гупым яхэтащ.

- Нэгъабэ абы кьыкІри дэ кьыгІэпыхьащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм абы щызэрахьэу щыта бэракьымрэ зи кьупщхьэ кьаугъэтыжа зауэлІэхэр щІэрэщІэу щыщІалъхьэжьым трахауэ щыта сурэтхэр зытет дискрэ, - кьыпищащ и псалъэм Іэщын Юрэ, - Абы щытхъэ кьагъэзэхьа бэракьыр Іуащхьэмахуэ щыгум щыхатІащ. Бгым дэкІа гупым я пашэу щытар нобэ мыбдежым щыфІьагъу, спортсмкІэ мастерым и кандидат Шыбзыхьуэ Кьазбэчщ. КъыкІэлъыкІуэ лъэбакьуэу дэ кьыгІтэщащІэр Іуащхьэмахуэ абы хуэхьэзыр гупыр дэгъэхьІнраци, автомобиль зекІуэр здэщІа кьалэ-лІыхъужьхэм кьыздраха ныпхэр абыхэм бгыщхьэм щыхатІэнущ.

ПэкІи и кІэм Мафэ мыужьхьым деж удэ гъэгъахэр щагъэтІыльащ, зауэм хэкІуэдахэм папщІэ зы дакьикьэкІэ щыгъуащ.

Тхыгъэр сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ещІ.*

Ди республикэр федеральнэ зэпеуэм щытекІуахэм ящыщщ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэр гъэ кьэс ирагъэкІуэкІ «ЗэпІэзэрыту зызыжьэ щІыналъэхэр» зэпеуэм хьэрычэт ІэнатІэ мыиныкрэ курытымрэ зегъэужьыным теухуа номинацэмкІэ щытекІуауэ кьалытащ.

Мы конкурсыр 2011 гъэм и щышхьэІу мазэ льапІэрэ ирагъэкІуэкІ. Абы хиубЫдэу кьыхах инвестицэ проект нэхъыфІхэмрэ ахэр гъэзэщІэныжьмкІэ технологие убзыхуахэмрэ.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.

● Гъуэгухэр

Щыщхьэ1ум и кІэм хуозэ

КъБР-м Транспортымкіэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ «Магистраль» ООО-м и проект Іуэхущ1апІэмрэ я лІыкІуэхэр Нартсанэ - Нарзанымпсэм я Ауз - Джылы-Су - Іуащхьэмахуэ автомобиль гъуэгур щыуэх бгыпІэ щыпІэм щыІащ икІи ящІ пІалъэм къызэрІтІасэмрэ лэжьыгъэм и фІагъэм зэхуэдэмрэ къапщытащ.

МЫ ЗЭМАНЫМ «Гидрострой» ООО подрядэ организацэм псыІушыпІэ кІэнаугъэхэр бетонкІэ егъэбыдэ, километр 11-м бжьыкь блын лъахъышхэр зыхуей щыхуегъэзэ. Абы щыщыщІэдзауэ, километр 31-м сантиметр 11 и ІуварІыу асфальт-бетон зэхэлъыр тІуащІэу щытрагъэлъэ. Километр 26-м лэжьыгъэр щызэфІагъэкІащ. А щІыпІэм гъэгугъуэу техникэу 42-рэ кьыщагъэсэбэп.

Подрядэ организацэм пщэрыльэ щащІащ асфальт тельхьэныр яухьу, щыщхьэІум и 31-м ирихьэлІэу зыпэрыт гъуэгу Іыхьэр ятыну.

КЪУМЫКЪУ Мадинэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм фрагъэблагъэ

● Нобэ

УФ-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм хэт Аккизовэ Ямарэ и лэжьыгъэхэр КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым щагъэлъэгъэнущ. Ар къызэІуахынущ нобэ сыхьэт 15-м.

ВЫСТАВКЭМ лэжьыгъэ 30-м щІигъу щагъэлъэгъуэнущ. Сурэтыщ1 Іэзэхэу Аккизовхэ Екъубрэ Сиярэрэ япхъу Ямарэ и адэ-анэм я Іэщ1агъэм пещэ, езыми зэфІэкІ зэриІэм щэч хэлъкъым.

Аккизовэ Ямарэ республикэ, дуней-псо гъэлъэгъуэныгъэхэм зыбжанэрэ хэтащ, «Юг России-2004» (Краснодар), «Юг России-2008» (Сочэ), Сэралъп Мадинэ къызэригъэпэщащ «Зэманым и псыежэхым...» (Налшык, 2009; Санкт-Петербург, 2010) хуэдэхэм, нэгъуэщІхэми. Ямарэ и лэжьыгъэхэм я закъуэу Кулиев Кьайсин и музейунэм 2009 гъэм щагъэлъэгъуащ.

Къыхэзгъэщыпхъэщ, Аккизовэ Ямарэ тхыльэ 80-м щІигъу и сурэтхэмкІэ зэриГъэщІэрэщІар.

АЙДАБОЛОВЭ Софият,
КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Республикэм щыпсэухэм ящІэн папщІэ

ІУЛЪХЪЭ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхухэр зэралажьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ КъБР-м и Іэтащхьэм и деж щыІэ **8 (8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и лъэбакъуэщIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап1эм).

«Этана» заводыр щадухэну щыпIэр къыхэхыни зэмэныфI ихьауэ. И Iэшэлъашэм щыз1эрауху1ну мэкъумэш кластерымрэ социальнэ псэуалъэхэмрэ папщIэ щыIэнэщIышхуэ хуейт. Абы уэхуэ1ну техникэм хуиту зыщIгъаззу, иужькIэ къыкIэухэмэ поселкэм щыщхэмрэ тыншу щызекIуэу щытыпхъэт.

- Осетие Ищхъэрэм и гъунапкъэм пэмыжыжьэу зэхфаныр щыпIпIэ Май районым щыщыдгъуэтат. Ауэ ар жьэгъущIэс щыпIэт, мэкъумэш щIапIэт, хъупIэти, абы деIусакъым. Къамыгъэсбэп, хьер къэзымыт щыIэти, ар къыхэтхащ. Псы гъужам зуззати, псыхъуэр нэгъуэщIыпIэкIэ тшащ, Iущ1апIэхэр дэтщIеящ, нэпкъхэр дгъэбыдащ, псы гъэкъэбзапIэхэр дыуухуащ, зэфэну псымрэ Iэнатlэм къыщагъэсбэпынымрэ я къащIэщыпIэхэр щхьэхуэу дубруущ, тик1апсэхэр дыукъуэдиящ. Апхуэдэу заводым екIуэлIэну гъущI гъэзгъм и лъабжьэр дгъэбыдащ, - жиIащ Iащщым Сергей. - Инфраструктурэм пыщIа лъэужьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну щыIэпхэр гъэхъэзырыным сом мелардрэ мелуан щитхум нэблагъэ хэтлъхьащ. Мыбдеж щыпсэунуэхэм, щыпIэжьэнуэхэм, щыджэнуэхэм, сабий щыкъэпIынуэхэм я сэфэн зыхэлъхэри къыдолъытэ. Ахуэ яп1э идгъэщ Iуэхугъуэхэм ящыщщ.

Къэгъэлъэгъуапхъащ «Этана» заводым и унафащIэр. Май районым щыпсэухэм тIэунчэрэ зэрахуэзар икIи абы щыгъэ1э псори зыгъэпIейтей упщIэ къыз1эрагъэувар. Апхуэдэщ экологием ехьэлIар. Ерыскъыщ, щэкI промышленностым папщIэ полиэтилентерефталат полимер къабзэу ильэсым тонн мин 486-м нэблагъэ къыщIагъэкIынущ. Урысей рынокым дежкIэ ар къыз1эрымыкIуэу бжьгъэшхуащ. Апхуэдизым зэрарагъэ къащэнкIэ мышынэ. Абыхэм шынагъуэ зэрыпымыльэщ цIыхухэм гурагъэIуащ. Къапщтэмэ, Корей Илащэм ахуэдэ предприятэм и Iэшэлъашэм нарт1ыку къыщыдгъэкI, нэгъуэщI къ-ралхэм заводхэм я гъунэгъубзэу жылагъуэхэр щопсэу. Абы щыгъуэми, предприятэ щхьэхуэхэр зытетыр ильэс 30 и пэкIэ щыIа технологиегъэхрщ, «Этана» заводым къыщагъэсэбэпынрэ дуней псом щынэхьыфI иджырей технологиехэр пэрытхэрщ. ЗэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, Европэм щыщ, я дорэгъуэм я къэхутэныгъэщIэхэр зэпсэльынагъэ лей хэмыту, Къэбэрдей-Балъкъэрым и проектым хагъэхьэнущ. Арами, Iэщ1ащIэхэм къыз1ралъытэкIэ, «Этана» заводым къыщагъэсэбэпыну технологиеихэм къапэхъун иджыри дяпэ ильэс 50-кIэ къаухэгупсысынкъым.

- Экологие экспертизэ едгъэкIуэкIри, абы къэхъуэм щIипIэм Iуэхугъуэ хэдгъэзгъэуащ. Зэрыщыту химие промышленностым ди Iэнатlэм нэхъ къабзэ яхэткъым. Абы кIэрыхубжьэрыху и1энукъым, фIей лъэпкъ хьэуам хиутIупщкIуэдакъым. Iугъуэ икIыпIэ закъуи заводым хэтщIихьыныкъым. Предприятэм и зэран экологием зэрекIынри щэщIауэ нгъэлажьэ къалэ автобусищI хуэдизыр къабзагъэм зэрегъауэм ебэкIынукъым. Дызэрылажьэнгъ кIэух нэгъэса зиIэ технологием тетущ. Лей къэхъунут биопланктон куэд зыхъэль псырщ. Абы осетр бдзэжьей щыбгъэхъуну уасэ иIэкъым, апхуэдизу къабзэщI - къыхигъэщащ заводым и унафэщIым.- Экологием пыщIауэ Май районым щыпсэуэхэр зыгъэпIейтей нэгъуэщI зы Iуэхугъуэмэ сыкъытеувыIэнут. Продукцэм и къабзагъэр къыз1ралъытэр абы ацетальдиду хэлъыр зыхуэдизырщ. Зы бжьгъэ (единицэ) закъуэм тещIыхьауэ апхуэдэу зэхIыныну хуит ящIыр дз и зэхуэдитIкIэ дгъэмащIащ.

Республикэм зеуэзщIыж

Къэбэрдей-Балъкъэрым и власт-хэм къыдалыгъри, щIипIэм щыпсэуэхэм я арэзыныгъэ хэлъу, «Этана»-м Европэмкlэ ибгъэзащ. Абы дзрэгъу къыхуэхъуащ жыр мыулыиI пIащIэхэр, гъущIым зэрелжь станокхэр, лифтхэр, эскалаторхэр къыщIэгъэкIыныжкIэ дуней псом щыпашэ «Thyssenkrupp Uhde GmbH» промышленнэ нэмыщI концерн лъэрызехьэр. «Этана»-м чэнджэщкIэ къыдэIэпыкуащ «Pricewaterhouse Coopeers» дунейпсо консалтинг, аудит компаниие щIрыIуэр. Предприятэм и адрей проектхэри щыпхигъэкIкIэ, чэнджэщагъэ нэхъыщхьэу ар къищтэну и мурадщ. «Этана»-м къыдэлажьэну хэзырщ мэкъумэш, ерыскъы, щIыдагъэ, химие, ухуэныгъэ, технологие Iэнатlэхэмкlэ дуней псом щыпэрыт «Янсен Депперинк» (Нидерландэр), «Бюллер АГ» (Швейцарие), «Лотте Кэмикал» (Корее Республикэ), «Хитачи Плант Технолоджис» (Японие), «Удэ Инвента Фишер», «Ренейссанс Конструкшн» (Тырку) компаниехэр, нэгъуэщIхэри.

«Этана» заводым и къуэкIыгъэр гуфIэгъуэ щытыкIэм иту щрагъажьэм абыхэм я лIыкIуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм, республикэм и жылагъуэ организацэхэм щыщхэр, депутатхэр къырихьэлIащ. Ахэр ирикIуащ километри 8 хъуэ а щIипIэм екIуалIэу ауха гъэгугщIэ екIуи. «Казачья» зыфIаща а гъэзгъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и узрам нэхъ кIыхь дыдэщ.

Иджыдэй Iуэхущ1апIэр щагъэувыну щIипIэм дежь зэрызыдзэлжьэнымрэ зэрызэдзэпэныкъунымрэ техуэхэ зэгурыIуэныгъэ щызэращIыпIащ. Абы Iэ щIадзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, «Этана» ООО-м и унафащIэ Iащщ Сергей, «Thyssenkrupp Unde GmbH» компаниием и директорхэм я советым щыщ Лазаридис Савас сымэ. Иужьк1э зэIущIэм хэтхэр техникэ хьэлъэхэр щиувыкIа щIыпIэм кIуащ икIи Къанокъуэ Арсен «Фынежьэ» зэрыжиIэу, уухакIуэхэм лэжьыгъэм щIадзащ.

- «Этана»-м республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ, - кIыгъэ лъэгуащ КЪР-м и Iэтащхьэ. - Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэ жьыджэру икIи зэпIэзэрыпу зиужьну жьыпIэ хъунущ. Ар и фIыгъэщ къэралымрэ республикэм экономикэмрэ я щIыпIэ хэхар зытещIыхьар агроиндустриальнэ парк-ым и предприятэхэм кърахьэлIэ псоми мыбдеж щелэжьынырщ, езыхэм ягъэхьэзырыж ашыж зэмылIэужьыгъуэхэм ирагъэзагъэу сатум гъэкIуэнырщ. Япэрауэ, нэгъуэщI компаниехэм я дежь къэпшыт щхьэхуэхэмрэ сыкъалэм щIэужьу нэхъ р1эр ар куэдкIэ нэхъ фейдэщ. ЕтIуанэрауэ, дыубзыхуа псори зэдгъэхъулIэмэ, ильэси 5-10-м къуиубыдэу щIыу мин 16-м нэсым лэжьыгъэ тхуэтынущ.

Проектым мыхьэнэшхуэ зэриIэр къиГэлъэгъуащ уухуэныгъэ езыгъэжьажьэм яхэта, Урысейм и Президентым дежь хьэрыч1эщIэхэм я хуитыныгъэхэр зэрызнымкIэ щыIэ уполномоченнэ Титов Борис.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым жьыджэру зызыыжь, зи мыпIку къыхэзыIэхьэну хуейхэм щытыкIэфI къыхуэзыгъэгъэщ, инвестицэ Iуэхур тегушхуауэ щыпхагъэкI щIынаIэ нэхъыфIэхэм ящIыщ. Туризмэм и мызакъуэу, промышленнэ Iэнатlэхэм мыпIку зэрыхалъхьэр тэмэмщ. Къэралым и экономикэр кIыз1эзыгъэпэщынри аращ. Республикэм и социальнэ зэIущIэгъэпэщынгъэр экономикэм хуащI инвестицэ хэлъхьэныгъэм зэрелъытар Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафащIэхэм къаз1эрыгурыIуэм сыщоГурыIуэ. Арауи, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэм - «Этана»-м и ухуэныгъэ зэрырагъэжьам теухуа хьэхъуэр щIыналъэм и унафащIэхэм, инвестторхэи, хьэрычтыщIэхэм я мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цIыху къыз1эрыгъэкIыни ял1ос. Сыту жыпIэмэ, «Этана»-м итыну налогхэм щыщ IыхьэI социальнэ программэхэмкIэ абыхэми хухахьнущ.

Псалъэм къыдэкIуэу

«Этана» проектыр зытещIыхьар Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм лъабжьэ быдэ къыхуэзгъэпэщыным и закъуэкъым, атIэ ирагъэжьа уухуэныгъэм къедза щIыпIэм хьыхь жылагъуэхэм социальнэ Iэнатlэхэм зыщрагъэжьынущ.

Епископ Феофилакт заводыщIэм щыпIэжьнуэхэр зыдэс поселкэм накъыгъэ кIуам щыIащ, фIыщIэшхуэ зыбгъэдэлъ Радонежскэ Сергие и щIыкIэ члиса щагъэувыну щыпIэм жор трищIащ. Ар абдеж щагъэтIысыну къуажэр зэIуэпэщ щыхъуну 2015 гъэм ирихьэлIэу къыз1эIуэхынущ.

- Ижь-ижьыж лъандэрэ Урысейм яп1э щыкIэ Тхьэ уна - члисэ щацхуэ. Иужьк1эщ щIыпIэр зыхуей щыхуагъаззэр, Тхьэуэлъэуэм псом къадолIпыкъу, - къыхигъащащ епископым. - Мыбдеж члисэ зэрыщагъэувынур ди адэжьхэм къадекIуэкI хабззэхэмрэ XXI гъэм щыIыгъуэм и иджырей технологие нэхъыбэ дыдэхэмкIэ зэпIыхуэну Iэхъуэгъуэщ. Ар Тхьэм фIэкъабылщи, члисэми, поселкэми, предприятэми я къаклуэнур дахэщ!

Сабийкэр хьымэным и дунейпсо мащIэ щIэныкъо, «Этана»-м и унафащI Iащщ Сергей Октябрьскэ поселкэм, Сарскэ, Пришиб-Балъкъутырхэм щыщ сабийкэр мэкъуэгъуэгъуэм и пащIэдзэм зэхишащ. Май щIэнкъабзэмкIэ и унэм и гупэм деж абыхэм щацхуигъэхьэзыра нэгъэгъэжь Iуэхугъуэ гукъынэжхэм ныбжьыщIи 100-м щIигъу хэтащ. ЩIар гъэпщащхэмкIэ, тыгъэхэмкIэ, фIыуэ яльагъу морожнэхэмкIэ дэтхэ-нэ сабийри игъэгуфIащ.

2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-27-хэм къыдэкIа «Комсомольская правда - Северный Кавказ» газетым къитхыжащ.

● Семинар-зэIущIэ

Хуэфащэ лэжьыгъэр шынагъуэншэуи щытыпхъэщ

КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгуэхьэныгъэм иригъэкIуэкIа семинар-зэIущIэр республикэм и Iуэхущ1апIэхэм лэжьыгъэм и щытыкIэмрэ абы и шынагъуэншагъэмрэ щигъэфIакIуэным техуауэ щыт1ащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэт и докладым зэпкърыхуэу къыщигъэльэгъуащ зэIущIэр зытеухуа уиэтIыныгъэ и пIэныкъуэкIэ зэрыгъэуащ зэIущIэр. Ирапрауэ, ахэр лэжьакIуэ щIыхьэхэм екIэлIащ. Абыхэм зыщатхъащIыкIэ пэщIэнэ я дж зэрыщрихьэлIэщ. Профсоюзхэр кIэлIыпIэ производствэ фэбжьыкIэ, Iэщ1агъэ уэрэфэ къэбжьыгъэм и щытыкIэм елъытауэ аттестацэ зэрырамугъэкIуэкIыр. Абы Iуэхум и къыз1эгъэщыкIэр иregъэкIакIуэ, лэжьакIуэхэм ЗкъБР-м щыIэм, нэгъуэщI щхьэпIэхэмрэ къагъэсэбэпыну Iэмал яIэкъым. Профсоюз унафэщIым къыхигъэщащ гуп зэгурыIуэныгъэхэм лэжьыгъэр щынагъуэншэу щытыным, абы теухуа Iуэхугъуэхэм хухах мыпIкыр къыщызэрыщымыгъэльэгъуар.

- Социальнэ страхованэмкIэ фондым къыщызэритымкIэ, 2012 гъэм лэжьыгъэм кIри-кIуэ сымаджэншэу 3-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ, 2011 гъэм - 10 хъууэ щытащ. Гу зэрытыпытэщи, ар зэрехар лэжьыгъэ Iэнатlэм и щытыкIэр есъэфIэкIуэнымкIэ лъэныкъуэкIэ къыз1эрызэмыгъэпэщам, лэжьакIуэхэм я Iэщ1агъэм узыфэ къэрмыкIуэнри, фэбжьу хахьыр гъэмэщIэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр зэрырамугъэкIуэкIым, зэманкIэрэ дэтхэнэми медицинэ къэпщытэгъэкIым.

Статистикэм тепщIыхьмэ, лэжьакIуэхэм я Iыхьэ пIанэхэр апхуэдэ щытыкIэм итщ. ЦIыхухэм я нэхъыбэр, илъэс 25-44-рэ ныбжьым хиубыдэхэр, лэжьыгъэр щрахьэкI Iэнатlэхэр санитар-гигиенэ мардэхэм тету къыз1эгъэпэщкъым.

КъаIэта Iуэхугъуэхэм кIрикIуахэр щыз1эхихьхьэжым, Амщокъуэ ФатIимэт семинар-зэIущIэм кIрихьэлIаIэхэм гу лъаригъэтащ лэжьакIуэхэр яхуэфащэ, щынагъуэншэ Iэнатlэхэмкlэ къыз1эрагъэпэщыныжкIэ я хуитныгъэхэр зэхэтхэ пхыгъэкIыныр профсоюзхэм я унэтIныгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр, а къалэнэр сыт щыгъуи я нэIэ щIэтын зэрыгуфIэм.

- Дыщогугъ Iуэхущ1апIэхэм я унафащIэхэм я Iуэхугъуэр, абыкIэ яхь социальнэ жэуапныныгъэр къагурыIуэну, абы и пIэныкъуэкIэ профсоюзхэм я Iуэху епIыкIэр даIуныну. Си гугъэщ профсоюзхэм, власть, кIэлъыплъакIуэ, къэпщытакIуэ органхэм, апхуэдизу щыхъуэ Iэнатlэкlэ къыз1эзыгъэпэщхэм я Iэщ1агъэм узыфэ къэрмыкIуэнри, фэбжьу хахьыр гъэмэщIэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр зэрырамугъэкIуэкIым, зэманкIэрэ дэтхэнэми медицинэ къэпщытэгъэкIым.

Статистикэм тепщIыхьмэ, лэжьакIуэхэм я Iыхьэ пIанэхэр апхуэдэ щытыкIэм итщ. ЦIыхухэм я нэхъыбэр, илъэс 25-44-рэ ныбжьым хиубыдэхэр, лэжьыгъэр щрахьэкI Iэнатlэхэр санитар-гигиенэ мардэхэм тету къыз1эгъэпэщыным, абы теухуа Iуэхугъуэхэм хухах мыпIкыр къыщызэрыщымыгъэльэгъуар.

- Социальнэ страхованэмкIэ фондым къыщызэритымкIэ, 2012 гъэм лэжьыгъэм кIри-кIуэ сымаджэншэу 3-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ, 2011 гъэм - 10 хъууэ щытащ. Гу зэрытыпытэщи, ар зэрехар лэжьыгъэ Iэнатlэм и щытыкIэр есъэфIэкIуэнымкIэ лъэныкъуэкIэ къыз1эрызэмыгъэпэщам, лэжьакIуэхэм я Iэщ1агъэм узыфэ къэрмыкIуэнри, фэбжьу хахьыр гъэмэщIэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр зэрырамугъэкIуэкIым.

Статистикэм тепщIыхьмэ, лэжьакIуэхэм я Iыхьэ пIанэхэр апхуэдэ щытыкIэм итщ. ЦIыхухэм я нэхъыбэр, илъэс 25-44-рэ ныбжьым хиубыдэхэр, лэжьыгъэр щрахьэкI Iэнатlэхэр санитар-гигиенэ мардэхэм тету къыз1эгъэпэщыным, абы теухуа Iуэхугъуэхэм хухах мыпIкыр къыщызэрыщымыгъэльэгъуар.

- Дыщогугъ Iуэхущ1апIэхэм я унафащIэхэм я Iуэхугъуэр, абыкIэ яхь социальнэ жэуапныныгъэр къагурыIуэну, абы и пIэныкъуэкIэ профсоюзхэм я Iуэху епIыкIэр даIуныну. Си гугъэщ профсоюзхэм, власть, кIэлъыплъакIуэ, къэпщытакIуэ органхэм, апхуэдизу щыхъуэ Iэнатlэкlэ къыз1эзыгъэпэщам, лэжьакIуэхэм я Iэщ1агъэм узыфэ къэрмыкIуэнри, фэбжьу хахьыр гъэмэщIэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр зэрырамугъэкIуэкIым, лэжьакIуэхэм я Iэщ1агъэм узыфэ къэрмыкIуэнри, фэбжьу хахьыр гъэмэщIэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр зэрырамугъэкIуэкIым.

Статистикэм тепщIыхьмэ, лэжьакIуэхэм я Iыхьэ пIанэхэр апхуэдэ щытыкIэм итщ. ЦIыхухэм я нэхъыбэр, илъэс 25-44-рэ ныбжьым хиубыдэхэр, лэжьыгъэр щрахьэкI Iэнатlэхэр санитар-гигиенэ мардэхэм тету къыз1эгъэпэщыным, абы теухуа Iуэхугъуэхэм хухах мыпIкыр къыщызэрыщымыгъэльэгъуар.

- Дыщогугъ Iуэхущ1апIэхэм я унафащIэхэм я Iуэхугъуэр, абыкIэ яхь социальнэ жэуапныныгъэр къагурыIуэну, абы и пIэныкъуэкIэ профсоюзхэм я Iуэху епIыкIэр даIуныну. Си гугъэщ профсоюзхэм, власть, кIэлъыплъакIуэ, къэпщытакIуэ органхэм, апхуэдизу щыхъуэ Iэнатlэкlэ къыз1эзыгъэпэщам

● ЩIэныгъэ

Мы махуэхэм ильэс 20 ирокъу ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрыр къызэрызэлухрэ. Іуэхущапlэр къызэгъэпэщыным гугъуехь куэд пылъами, абы етхьэлIа къаруушхуэр псыхэкIуадэ зэрымыхьуар нобэ нэрылъагъуд. Ди республикэм и щIэныгъэлIхэм мы зэманым Іэмал псори яIэщ кутIафIэу лэжьэн папщIэ. КъБЩIЩ-м кьикIуам урипльэжмэ, кьыжьIэн хуейщ ар Іуэхугъуэфlэкмкlэ гъэнщIа, екъулIэныгъэфlхэр щыкуэд щIыхь зыпыль гъуэгуанэу зэрыщытыр.

ЩIэныгъэ центрыр кьызэрагъэпэща зэрыхьуам сыщытепсэльыхькIэ, кьыхэзгъэщыну сыхуейщ апхуэдэ Іуэхущапlэ ди щIыналъэм кьыщызэIуэсыфыну зыми я фlэщ хьууэ зэрыщымытар. А лэжьыгъэм щIэздзащ 1992 гъэм, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и комиссиэ и унафэщIу сыщыту. Есхьэжьа Іуэхум зыгуэр кьикIыну я фlэщ хьуртэкъым республикэм и унафэщI дыдэхэми, арщхьэкIэ сэ сызыхуейр зыт: щIыналъэ унафэщIхэр абыкIэ арэзы хьунырт, ар зыIэрызгъэхьащ.

Іуэхур кьызыхуэтшIыну зэфlэха хьун папщIэ, ин-щIыкIуми лэжьыгъэ куэд зэтеублэн хуейт. РАН-р унэтIыныгъэ куэд, кьудамэ мымащIэ кьызэщIэзыубыдэ щIэныгъэ Іуэхущапlэщ. Абыхэм ящыщ дзтхэнэми зэгурыIуэныгъэхэр ещIылIэн, епсэльылIэн хуейт. Псалъэм папщIэ, нейтринэ обсерваториер ядерлэ физикэмкIэ кьудамэм щыщт, абы и унафэщIхэм уагурыIуэну тынштэкъым. Апхуэдэт адрей кьудамэхэри унэтIыныгъэхэр. ЖыпIэнурамэ, «мыр Іуэху тынш» зыхужьмIэн зыри эхтакъым КъБЩIЩ-м и кьызэгъэпэщыныгъэм. Дауэ хьуами, нобэ сэ срогушхуэ апхуэдэ щIэныгъэ Іэнатlэ льэщ ди республикэм зэрыщылажьэм. Ильэс 20-м кьриубыдэу щIэныгъэ-кьэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд зэрфlэгъэкIащ, екъулIэныгъэфlхэри зыIэрыдгъэхьащ. Нэхъыщхьэращи, ІуэхугъэлI минхэм щIэныгъэ-кьэхутэныгъэхэр зэфlэх хьунущ, щIыналъэм и гъунапкъэхэм имыкIыж. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ди республикэм иIэ хьуащ зэфlэжI лъагэ, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр.

Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтыр.

РАН-м и КъБЩIЩ-р ильэс 20 щрикъум теухуа гуфIэгъуэ зэIущIэр йокIуэкI. КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар Щыльэ тхылъ Биттировэ Тамарэ ирет.
Налшык. 2013 гъэ, мэкъуаугъуэм и 29.

ЩIыхь зыпылъ гъуэгуанэ

Дунейпсо мыхьэнэ

ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрыр (КъБЩIЩ) 1993 гъэм мэкъуаугъуэм и 29-м кьызэIуахащ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр къэрал, республикIэ программмэхэм япкъ иткIэ фундаментальнэ, прикладной щIэныгъэ кьэхутэныгъэхэр егъэкIуэфlыныр. КъБЩIЩ-м хохьэ щIэныгъэ Іуэхущапlи 6-рэ щIэныгъэ центру тIурэ. Абыхэм я нэхъыжь дыдэр Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтыр. Ар 1926 гъэм кьызэIуахащ. Институтым мы зэманым и унафэщIу тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Бгъэжьнокьуэ Барэсбий. Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтыр 1991 гъэм кьызэригъэпэщащ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Нэхущ Іэдэм. Иджыпсту абы и унафэщIщ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Нэхущ Викторие.

РАН-м Экологиемрэ эволюцэмкIэ и институтым, Северцевым и цIэр зезыхьэм, епхауэ лажьэ Къэбэрдей-Балъкъэр экологие станцыимрэ РАН-м ГеографиемкIэ и институтым и щIыпlэ географие станцыимрэ я лъабжьэу 1994 гъэм ди республикэм кьыщызэIуахащ Бгылъэ щIыпlэхэм я экологиемкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтыр. Куэд щIакъым абы зэрыфlащэр институтым и кьыдагъэпщкIуэу щыта щIэныгъэлI цIэрыIуэ, биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАН-м и член-корреспондент Тембот Аслъэнбий и цIэр. Институтым и лэжьыгъэхэр зэрегъакIуэ абы и унафэщI, биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАН-м и член-корреспондент Тембот Фатlимэт.

Абы кьыкIэлъыкIуэу, си жэрдэмкIэ, 1996 гъэм кьызэIуатхащ Информатикэмрэ щIыналъэ управленэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым. Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм центрым и кьудамэ щхьэхуэ-хэщ Ядернэ кьэхутэныгъэхэмкIэ Урысей Академием ди щIыпlэм щIэ Бахъсэм нейтринэ обсерваторэр. Абы и унафэщIу физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Кузьминов Валерэ. РАН-м АстрономиемкIэ и институтым Терскол щIэ кьудамэм и пашэщ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Тарадий Владимир. КъБЩIЩ-м хэту мэлажьэ Географие кьэхутэныгъэхэм я центрымрэ (унафэщIыр техникэ щIэныгъэхэм я доктор Марченкэ Павелщ) Социально-политикэ кьэхутэныгъэхэм я центрымрэ (унафэщIыр тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Борэ Аслъэнщ).

РАН-м и КъБЩIЩ-м щызэфlах дунейпсо мыхьэнэ зиIэ кьэхутэныгъэхэр. Апхуэдэу Ядернэ кьэхутэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Бахъсэн нейтринэ обсерваторэм ильэс 20-м щIигъукIэ иригъэкIащ Дыгъэм епха кьэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр. Обсерваторэм и Іэщагъэлlэр жыдкэру хэтщ GERDA дунейпсо кьэхутэныгъэм, нэгъуэщI щIэныгъэ кьэщIэныгъэхэм. Дэдрогушхуэ икIи дропагъэ дунейпсо мыхьэнэ зиIэ апхуэдэ лэжьыгъэ купщафlэкэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыгъэхэр? Псалъэм кьыдэкIуэу мыс!энщи, мы лэжьыгъэм текIуэдакым кьэрал мылькум щыщу зы сими. Апхуэдэу дукъуэдиящ щIэныгъэлIхэм - дэ тлъэкIынущ а лэжьыгъэхэм хуэдэхэр зэфlэтхын, нэгъуэщI Іэщагъэлlэр кьедмышалIэу, кьэрал мылъкуи абы тедмыгъэкIуадэу.

КъБР-м и Іэтащхьэ Кьаокьуэ Арсен и дзе щылажьэ Жылагъуэ советыр арэзы техьуащ а стратегием икIи абы кьыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэр гъащIэм хэпщынэ яужь ихьапхьэу кьиlытащ. А дэфтэрым щыдубзыхуащ лъэпкъ экономикэм зиужьын папщIэ, гулыитэ хэха зыхуэщIыпхъэ унэтIныныгъэхэр. Адрей щIыналъэхэм яIэ апхуэдэ стратегиехэм кьыщыкIащ, ди дэфтэрым лъабжьэ хуэтщIар математикэ кьэхутэныгъэхэр. Апхуэдэу а стратегием кьыщыдгъэлъэгъуащ лъэпкъ экономикэм зиужьын папщIэ, гулыитэ хэха зыхуэщIыпхъэ унэтIныныгъэхэр. Адрей щIыналъэхэм яIэ апхуэдэ стратегиехэм щIэныгъэлIхэм кьыщыдгъэлъэгъуащ, ди дэфтэрым лъабжьэ хуэтщIар математикэ кьэхутэныгъэхэр. Апхуэдэу а стратегием кьыщыдгъэлъэгъуащ мэхъэм я щытыкIэм зэрыкIэлъыплъын хуей щыкIэхэр, щэкIуэгъуэ лъэхъэнэмрэ уэзэщакIуэ хьуну псэущхьэхэмрэ ехьэлIа лэжьыгъэхэр.

Институтым и лэжьакIуэхэм гульытэ ящIыркъым 2014 гъэм Сочэ щекIуэкIыну Олимп Джэгуэхэм щхьэкIэ ирагъэкIуэкI ухуэныгъэхэм ди щIыуэпсым ират зэхьэжьныныгъэхэр. Абыхэм зэреплъхьэр кьыщыгъэлъэгъуащ «Олимпухуэныгъэ» кьэрал корпорацэм хуэгъэзэ дэфтэрхэм.

Лъэпкъ щIэныгъэлIхэр зэлэжь дзэгъэнэ зы унэтIныныгъэми, ирагъэкIуэкI дэтхэнэ кьэхутэныгъэмэ уаэз иIэкъым лъэпкъыпсо хьугъуэфlыгъуэр - щIыналъэ щIыуэпсыр - хьумэнымкIэ.

ИгъащIэкIи дыдзэгъусэщ

РАН-м и КъБЩIЩ-м Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым иригъэкIуэкI адыгэхэм я лъэпкъ щIэнхабзэр джыным хуэунэтIа кьэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр. Абыхэм кьаракIуэхэм ящыщу адыгэхэм я гъащIэм биинымрэ залымыгъэмрэ апэщIэувэ хабзэ куэд зэрыхэльар наIуэ зэрыгущар.

Пётр Іэзанэм иригъэкIуэкIа политикэм Кавказ Ищхъэрэм щичыдза увыпIэмрэ абы и мыхьэнэмрэ кьыщыгъэлъэгъуащ «XVIII лIэщIыгъуэм и япэ IыхьэплIанэм Кавказ Ищхъэрэм Урысейм щригъэжьауа политикэр» монографие кьэхутэныгъэм. Апхуэдэу «Адыгэ БГЫЛЪЭ щыпlэхэм я экологиемкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым, Тембот Аслъэнбий и цIэр зезыхьэм, щыщIэфlах кьэхутэныгъэ куэд, щыщIэфlэхэ кьэхутэныгъэ куэд, щыщIэфlэхэ кьаракIуэ ящыщ, абы и унафэщIхэм уагурыIуэну тынштэкъым. Апхуэдэт адрей кьудамэхэри унэтIныныгъэхэр. ЖыпIэнурамэ, «мыр Іуэху тынш» зыхужьмIэн зыри эхтакъым КъБЩIЩ-м и кьызэгъэпэщныгъэм. Дауэ хьуами, нобэ сэ срогушхуэ апхуэдэ щIэныгъэ Іэнатlэ льэщ ди республикэм зэрыщылажьэм. Ильэс 20-м кьриубыдэу щIэныгъэ-кьэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд зэрфlэгъэкIащ, екъулIэныгъэфlхэри зыIэрыдгъэхьащ. Нэхъыщхьэращи, ІуэхугъэлI минхэм щIэныгъэ-кьэхутэныгъэхэр зэфlэх хьунущ, щIыналъэм и гъунапкъэхэм имыкIыж. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ди республикэм иIэ хьуащ зэфlэжI лъагэ, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр.**

Иуан Пётр

Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Нэхущ Іэдэм.

Филологие щIэныгъэхэм я доктор Улаков Махьтэ.

Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАН-м и член-корреспондент Тембот Аслъэнбий.

Географие кьэхутэныгъэхэм я центрым и унафэщI, техникэ щIэныгъэхэм я доктор Марченкэ Павел.

Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Бгъэжьнокьуэ Барэсбий.

РАН-м и член-корреспондент Тембот Фатlимэт.

Тарадий Владимир

зы сими. Апхуэдэу дукъуэдиящ щIэныгъэлIхэм - дэ тлъэкIынущ а лэжьыгъэхэм хуэдэхэр зэфlэтхын, нэгъуэщI Іэщагъэлlэр кьедмышалIэу, кьэрал мылъкуи абы тедмыгъэкIуадэу.

КъБР-м и Іэтащхьэ Кьаокьуэ Арсен и дзе щылажьэ Жылагъуэ советыр арэзы техьуащ а стратегием икIи абы кьыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэр гъащIэм хэпщынэ яужь ихьапхьэу кьиlытащ. А дэфтэрым щыдубзыхуащ лъэпкъ экономикэм зиужьын папщIэ, гулыитэ хэха зыхуэщIыпхъэ унэтIныныгъэхэр. Адрей щIыналъэхэм яIэ апхуэдэ стратегиехэм щIэныгъэлIхэм кьыщыдгъэлъэгъуащ, ди дэфтэрым лъабжьэ хуэтщIар математикэ кьэхутэныгъэхэр. Апхуэдэу а стратегием кьыщыдгъэлъэгъуащ мэхъэм я щытыкIэм зэрыкIэлъыплъын хуей щыкIэхэр, щэкIуэгъуэ лъэхъэнэмрэ уэзэщакIуэ хьуну псэущхьэхэмрэ ехьэлIа лэжьыгъэхэр.

Институтым и лэжьакIуэхэм гульытэ ящIыркъым 2014 гъэм Сочэ щекIуэкIыну Олимп Джэгуэхэм щхьэкIэ ирагъэкIуэкI ухуэныгъэхэм ди щIыуэпсым ират зэхьэжьныныгъэхэр. Абыхэм зэреплъхьэр кьыщыгъэлъэгъуащ «Олимпухуэныгъэ» кьэрал корпорацэм хуэгъэзэ дэфтэрхэм.

Лъэпкъ щIэныгъэлIхэр зэлэжь дзэгъэнэ зы унэтIныныгъэми, ирагъэкIуэкI дэтхэнэ кьэхутэныгъэмэ уаэз иIэкъым лъэпкъыпсо хьугъуэфlыгъуэр - щIыналъэ щIыуэпсыр - хьумэнымкIэ.

ИгъащIэкIи дыдзэгъусэщ

РАН-м и КъБЩIЩ-м Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым иригъэкIуэкI адыгэхэм я лъэпкъ щIэнхабзэр джыным хуэунэтIа кьэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр. Абыхэм кьаракIуэхэм ящыщу адыгэхэм я гъащIэм биинымрэ залымыгъэмрэ апэщIэувэ хабзэ куэд зэрыхэльар наIуэ зэрыгущар.

Пётр Іэзанэм иригъэкIуэкIа политикэм Кавказ Ищхъэрэм щичыдза увыпIэмрэ абы и мыхьэнэмрэ кьыщыгъэлъэгъуащ «XVIII лIэщIыгъуэм и япэ IыхьэплIанэм Кавказ Ищхъэрэм Урысейм щригъэжьауа политикэр» монографие кьэхутэныгъэм. Апхуэдэу «Адыгэ Іуэрыlуатэр», «Нартхэр. Адыгэ эпос» тхыльхэм ярыт хьыбарыжьхэм кьыщыгъэлъэгъуащ тхыдэ-щэнхабзэ лъапIэныгъэ куэд, лъэпкъыпсо мыхьэнэ зиIэ персонаж хьэлэмэтхэр.

Институтым иригъэкIуэкIа кьэхутэныгъэхэм кьаракIуа Іуэхугъуэшхуэхэм ящыщу адыгэ лъэпкъ тхыдэр зэрыдзэхэт Іыхьэхэр, лъэпкъ гупсысэм и зыужьныныгъэм жылагъуэм и дежкIэ иIэ мыхьэнэр убзыхуа зэрыхьуар, нэгъуэщIхэри. Дэфтэр хьуманIэхэм щIэлъ тхылъхэу ди лъэпкъ тхыдэм, адыгэхэмрэ гъунэгъу лъэпкъхэмрэ (тенджыз фIыцIэм и Іуфэм Іус кьэзакъэм, апхуэдэу балькъэрхэм, абазэхэм, абхъазхэм, Урысей кьэралым) яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэм екъулахэр я лъабжьэу дунейм кьытекIащ тхылъ хьэлэмэтхэр, кущIафIэхэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысеймрэ XVIII лIэщIыгъуэм яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэр» кьэхэутэныгъэ иным и зи чэзу тхылъыр. Абыхэм кьыщыгъэлъэгъуащ а лъэхъэнэ жыжьэм а лъэпкъхэм дуней псом щаубыдыу щыта увыпIэр зыхуэдэр, езыхэм яку дэлъа зэхуэщытыкIэхэри кьыщыгъэнэуащ.

VIII-XII лIэщIыгъэхэм я тхыдэ-археологие щIыпIэ щIэрыIуэхэр (Хьумэрэ, Кlэфар, Архъыз Ищхъэрэ) джа зэрыхъуам Іэмал кьытащ Псыжь Ипщэм X-XII лIэщIыгъуэхэм щыта алан феодал кьэралыгъуэм иубыду щыта щIыналъэм, щыпсэуа щыхухэм, яхэльа хабзэхэм ятеухуа щIэныгъэщIэхэр кьэунэхуным.

Лъэпкъ щхьэхабзэм и лIыкIуэхэр

ГУМАНИТАР кьэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым и Іэщагъэлlэм Урысей щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я центру Рим щыIэмрэ (Санта-Кроче и Уардауиэ) Сурэтхэм я центрымрэ адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм теухуа гъэльэгъуэныгъэ хьэлэмэтыщ кьыщыгъэгъэпэщащ. Кавказ лъэпкъхэм я гъащIэм тыуэгъуэу щымыгъуаэз европейхэм хуабжьу яфlэгъэщIэгъуэнащ а гъэльэгъуэныгъэр зэрыдзэхэльа Іыхьэ псоря.

Кьыхэзгъэщыну сыхуейщ: мы гъэм кьыщыщIэдзауэ Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым мыльку хуэхэзыхыр РАН-рщ, Іуэхущапlэр академическэ институт щыIэм епхауэ и ильэс кудкIэ екIуэкIа лэжьыгъэр зэфlэха хьуащ.

Географие кьэхутэныгъэхэм я центрым щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр екъулIащ геологие щIыуэпс шынагъуафъым и технологие схемэхэм, Гарабаши мылыльэм и щытыкIэм. GeoMedia программэр кьагъэсэбэпурэ, а мылыльэм и гъунапкъэхэм ягъуэт зэхьуэкIынагъэхэр яхьахутэ.

РАН-м и КъБЩIЩ-м Социально-политикэ кьэхутэныгъэхэмкIэ и центрым и Іэщагъэлlэхэр йолэжь хамэ зэрэрагъэхьэм щIыуэпс ящIыркъым Хэкум кьагъэзэжыным епха зэщIэхьееныгъэм. XX лIэщIыгъуэм и кIэуэным хэпщIыкIыу зиужьащ абы.

Ди зэпыщIэныгъэхэр

КъЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР щIэныгъэ центрыр и лэжьыгъэкIэ, иригъэкIуэкI кьэхутэныгъэхэмкIэ я пщыщ ди къэралым, хамэ щIыпlэхэм щIэныгъэ Іуэхущапlэхэм, еджапlэ нэхъыщхьэхэм. Мы зэманым зэгурыIуэныгъэхэр етщIылIауэ дадолажьэ Урысей Ищхъэ щIыпlэ ди къэралым. Приборхэр щIэзэпыкъэралъхьэу Берлин дэт IFG GmbH институтым, Украинэм и НАН-м Кибернетикэмкlэ и институтым, РАН-м Географиемкlэ и институтым, «Системпром» концерным, «Телемеханика» заводым икIи технопаркым, Урысей гидрометым и Бгы льагэ геофизикэ институтыр ди гъуэгу, КъБР-м и щIыуэпсым и геофизикэ щытыкIэхэр кьэхутэным дожьэ. Ищхъэ федеральнэ университетым и Таганрог технологие институтым етщIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, мэлажьэ щIыналъэ лабораторэ хэхар. Информатикэмрэ щIыналъэ управленэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и щIэныгъэлIхэм спецкурсэхэр щрагъэжьэ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм хьыхь еджапlэ нэхъыщхьэхэм.

Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтыр, РАН-м и Президиумыр мыльку щIэгъэкъуэн къыхэхъуурэ, «ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм ядэIэпыкъун» программэм хэтщ. Абы ипкъ иткIэ, институтым кьыщызэIуахащ щIэныгъэ-еъэджэныгъэ центр. Абы хохьэ «Дифференциальнэ уравненэхэмрэ математическэ физикэмрэ» кафедрэмрэ еджапlэ нэхъыщхьэ зыбжанэ зэпыщIэныгъэ математикэ кафедрэмрэ. Центрым гульытэ хэха щIыхущI щIэныгъэм япэ лъабакъуэ хэзыгъэ щIалэгъуэлэм ядэIэпыкъуным. 2012 гъэм кьриубыдэу Іэнатlэр ядэIэжьащ Урысей Федераціэм, хамэ кьэралхэм я щIэныгъэ Іуэхущапlэ 27-м.

Бгылъэ щIыпlэхэм я экологиемкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтыр щэщIагъэ ядолажьэ РАН-м и кьудамэ зыбжанэм, Урысейм и энтомологие, ботаникэ зэгугъэхьэныгъэхэм, Ищхъ щIыпlэхэм я промышленнэ экологиемкIэ институтым, Урысей географие зэгугъэхьэныгъэм, Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ музейм, МКЪУ-м, Санкт-Петербург, Ищхъ федеральнэ, Саратов кьэрал медицинэ университетхэм, КъБКъУ-м, АКъУ-м, КъБКъМУ-м, нэгъуэщI куэдми. Апхуэдэу институтыр дунейпсо мыхьэнэ зиIэ программмэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ япыщIащ Швейцариэм, Болгариием, Куржым, Сербием, Армением, Азербайджаным, Тыркуем, Ираным, нэгъуэщI кьэралхэми щIэ еджапlэ нэхъыщхьэхэм, щIэныгъэ центрхэм.

Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым и Іэщагъэлlэхэр Къбр-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и гъуэгу йолэжь кьэбэрдей-шэрджэс литературэр зэрадж тхылъхэр зэхэгъэуэныным, Льэпкъ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ епха Іуэху куэд зэгъуэсу зэфlах адыгэ республикэхэм щIы щIэныгъэ-кьэхутэныгъэ институтхэм. Апхуэдэу Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтыр проект хэхахэмкIэ ядолажьэ Абхъазым ЩIэныгъэ-кьэхутэныгъэ институтым и Академием, Абхъаз университетым, нэгъуэщIхэми.

Махуэшхуэ зэхьхьэ

ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым кьыкIуа гъуэгуанэр икъуIэ купщафlэщ. Абы кьепха Іэнатlэхэм ильэс 20-м кьриубыдэу щызэфlахащ щIыналъэпсо, кьэралпсо, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ къэхутэныгъэхэр, аэрэр зэрыт тхылъищхэр дунейм кьытехьащ. Нэгъабэ и Іэкъуэ къэпщIащи, КъБЩIЩ-м хьыхь щIэныгъэ Іэнатlэхэм я Іэщагъэлlэхэм кьыдагъэкIащ монографие 22-рэ, щIэныгъэ статьяхэр щызэхэхьэсса тхылъыр 10, архив дэфтэрхэр зэрыт тхылъышхуэ, зэреджэ тхылъ?р методикэ лэжьыгъэу 13. Аэрэр щIэх-щIэхьыгъэ зыхэт дунейпсо, кьэралпсо симпозиумхэм, конференцIэхэм, семинарэхэм, нэгъуэщI зэхьхьэхэм щащIа докладэ 800-м нэс кьытрадзэжащ щIэныгъэ журнал цIэрыIуэхэм. Апхуэдэу ди Іэщагъэлlэхэм зэрфlэкIыжьауэ щIэныгъэ Іуэхэр, хамэ кьэралхэм кьыкIэлIыкIуэхэр жыджэру зыхэта зэхьхьэшхуэр купщафlэу екIуэкIащ.

Хэку псор ипкIэ зыгъэжьэгъэфlэн лъэжьыгъэ инкэр яхуэзгъэгъэлIэнкIэ щIыуэпсым ди щIэныгъэлIхэм щIэныгъэлIхэм. ЩIэныгъэм и зыужьныныгъэм хуэфащэн къэралым и щIэныгъэлIхэм. ЩIэныгъэм и зыужьныныгъэм хуэфащэн къэралым и фlыгъуэр ди Хэкум, абы и цIыхуэхэм я екъулIэныгъэм эсу хуэлэжьафlэн папщIэ.

ИУАН Пётр,
техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАН-м и КъБЩIЩ-м и тхъэмадэ,
Информатикэмрэ щIыналъэ управленэмкIэ и институтым и щIэныгъэлIхэм я доктор, профессор, РАН-м и КъБЩIЩ-м и тхъэмадэ.

Дунейпсо щIэныгъэ симпозиум Налшык щокIуэкI. *2008 гъэ.*

● Гуфlэгъуэ зэхуэс

Зыужьныныгъэм хущIокъу

ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрыр ильэс 20 щрикъум ирихьэлIэ зэIущIэ Налшык и «Синдика» хьэщIэщым щэбэт кIуам щекIуэкIащ. ЩIэныгъэ центрым и унафэщI Нуан Пётр, абы и нэIэм щIэту лажьэ Іэщагъэлlэ гупым я махуэшхуэмкIэ екъуэхьэуну гуфlэгъуэм зыкъраугъэхьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Портэ Галинэ, ди республикэм, къэралым, хамэ щIыпlэхэм щыIэ еджапlэ нэхъыщхьэхэм кьнкIа щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр, депутатхэр, нэгъуэщIхэри.

ГУФlэГЪУЭ зэIущIэм кьыхуэзгъагъэпэща гъэльэгъуэныгъэр абы кьекIуэлIа псоми хуабжьу хьэлэмэт ящыхъуащ. ЩIэныгъэ центрым и Іэщагъэлlэхэм я кьалэмыпэм ильэс 20-м кьриубыдэу щыщIэкIа лэжьыгъэ купщафlэхэм кьадэкIуэу, абы кьыщыпсэльыгъат щIэныгъэлIхэм я акъылым кьихьа иджырей техникэ хьэлэмэтхэр, технологие пэрытыр зи лъабжьэ методикэ кьэхутэныгъэхэр. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, нащэ кьыщIэзычыф, нартыху кьыдэзычыф, автомашинэхэр зыгъэщIыф, лагъым кьэзыгъэтыф роботхэр, адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ джэгукIэр я лъабжьэу зэрадж технологиехэр, нэгъуэщI кьэхутэныгъэщIэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэ Кьаокьуэ Арсен РАН-м и КъБЩIЩ-м и юбилейкIэ зэрехьэхьэу тхыгъэм кьызэхуэсахэм я пащхьэ кьыщеджащ **Портэ Галинэ**. «КьызэрызэIуахрэ зэманыщхьэ дэмыкIами, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым гъэугуанэ купщафlэ кьиlыкIуащ, екъулIэныгъэ лъагэхэр зыIэригъэхьащ. Абы и Іэщагъэлlэхэр хьэлэту хуолажьэ ди республикэм, къэралым я зэIузэпсыныгъэр, зыужьщIыныгъэр нэхъри кьэлэтыным, - итт тхыгъэм, - ЩIэныгъэ центрыр хъуащ лъэпкъ Іэщагъэлlэ цIэрыIуэхэм я кIыщ. КъБЩIЩ-м и Іэщагъэлlэхэм сохъуэху ди республикэм и цIэр жыжьэ зыгъэлIэн кьэхутэныгъэщIэхэр яIэну, щIэныгъэм екъулIэныгъэщхэр щызыIэрагъэхьэну».

Адэжь Портэ Галинэ кьеджащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Унафэм. Ар теухуат КъБЩIЩ-м и щIэныгъэлIхэм ящыщ зыбжанэ гъэпэжьмэ. КъБР-м и щIыхь тхылъыр хуагъэфэщащ Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым и унафэщI **Бгъэжьнокьуэ Барэсбий**. Информатикэмрэ щIыналъэ управленэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и кьудамэм и унафэщI **Бжьгъуымыкъ Аннуар**, Бгылъэ щIыпlэхэм я экологиемкIэ институтым и унафэщIым щIэныгъэ Іуэхущапlэ и кьуэдзэ **Кононенкэ Екатеринэ**, Бахъсэн нейтринэ обсерваторэм и унафэщI **Кузьминов Валерий**, Социально-политикэ кьэхутэныгъэмкIэ центрым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ **Къущхьэбий Анзор**, Астрономиемкlэ и институтым Терскол щIэ кьудамэм и пашэ **Тарадий Владимир** сымэ. Апхуэдэу «КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр фlащащ центрым и Іэщагъэлlэ гупым, фlыщIэ, щытхъу тхылъхэр иратащ Іэнатlэм и щIэныгъэлIи 5-м.

КъБЩIЩ-м и Іэщагъэлlэхэм я зэхуэсым щIэныгъэ и комитетым и унафэщI Дадэ Мурэдэр зэрыщыIэ зэман кIэщIым кьрунубыдэу ар лъэ бы дэкIэ уваш икIи дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ лэжьыгъэхэр зэфlэгъэкIащ. Бгылъэдей-Балъкъэрым и зыужьныныгъэм ипэжьклIэ хуэлажьэ Іэнатlэм екъулIэныгъэщIэхэр иIэну дохьуэхьу.

И къэпсэльныгъэм и кIэухьу Чеченовым и КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI Дадэ Мурэдэр Парламентым кьыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъхэр щIэныгъэлI зыбжанэм ираташ.

РАН-м и КъБЩIЩ-м и унафэщI **Нуан Пётр** зэIущIэм щищIа докладыр теухуат ильэс 20-м и кIуэщIкIэ Іэнатlэм и Іэщагъэлlэм зыгъэзагъэхьа екъулIэныгъэхэмрэ дяпэкIэ яIэ мурадхэмрэ.

Гуфlэгъуэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ къэралым и щIэныгъэ центрхэм, еджапlэ нэхъыщхьэхэм я унафэщIхэу **Амирханов Хьызыр, Кусраев Анатолэ, Матиков Геннадий, Бырсыр Батырбий, Бесльэней Мурадин, Батаев Денз, Рахаев Анатолэ** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Кьыкlэлъыкlуэ махуэм щIыхьыгъэлIхэм я лэжьыгъэм щыпащащ Прикладной математикэмкIэ щIэныгъэ-кьэхутэныгъэ институтым. Абы щекIуэкIа симпозиумым ди къэралым и щIэныгъэлIхэм я гъуэгу хэтащ Украинэм, Германием кьикIа щхьэхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Иужьрей зэманым лъэпкъ зэхэныхьэхэр кьыз эрагъэпэщ зэрыпсыхар гуапэщ. Зэблагъэхэр, Іыхьлыхэр зэрыльытру, зэкьуэту къэгъэуцурыгъэнымкІэ, къэралым зиужьынымкІэ, ефІэкІуэнымкІэ абы мыхьэнэшхэу иІэщ.

Лъэпкъ зэхэхьэсым кърихьэлІахэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым щыпсэу Къундетхэ я унэцІэджэгъуэхэр Адыгэ Республикэмэ зэрыщыпсэуэм теухуауэ хьыбар Интернетымкі эмкІэ къащыІэрыхьэм, ар зэхагъэкІыну мурад яІащ. Щэхлуэгъуэм и 17-м щІалитку Адыгэ Республикэм кІуэри, абы щыпсэу Къундетхэ къагъуэтащ. Лъэпкъ жыг щыхасэу Мейкъуапэ щыІэ бгым екІуалІэзэри, я лъэпкъ жыгыр щагъэтІысащ, Къундет унэцІэри традзэжащ. А щыІпЭм лъэпкъ жыгыу 800-м нэблагъэ хэтщ. ИуакІэ Рубфабгъэ псыкъелъэм щІалэхэм я нэгу зышрагъэужьащ. Шыгъу-пІастэ Іэнэм зэуэцІэджэсъуэр щыхэбгъэдэсащ, зэщІэупщІащ, нэхъ гъунэгъуэри зэрыцІыхуащ, Абы щыгъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъыр щызэхуэсыну кьыщыхальъэри, щызэхяхьэну махуэр щаубэзыхуари. Зэхуаплалъэу кьагъэлъэгъуа мэкъуауэгъуэм и 17-р кьыщыблагъэм, зэрызэгурыдыуэу, республикищым иС Къундетхэ я нэхьыжьи нэхьыщІи Къундетей (Щэджэм ЕтІуани) кьуажэм щызэпущІащ. Зэхуэсхэр кьызэрагъэпэщащ лъэпкъым и нэхъыжьу республикищым щыхаха Кьадир (Къэбэрдей-Балъкъэр), Мурат (Адыгеи), Руслан (Къэрэшей-Щэрджэс) сымэ.

Къундетей жьыгъэ зи Іэмышіэ иІьа Къундетыпщым и кІэщІхьэм лъэпкъым щыщхэр зіпхьэ кІуаш. Къэбэрдей-Балъкъэрым иС Къундетхэ я нэхъыжь Муэзриф абдеж щытепсэлъыхьащ Къундетыпщым и гъащІэм, и дуней тетыкІам. Абы щыгъуэ Къундетхэ нэхъ лъэпкъыжь дыдэхэм зэращыщыр, хабзэкІэ, лэжьыгъэкІэ, псэуалІэкІэ зэманым зэрыдекІур, нэхъыжьхэм я ІэхъуцІафэхэр къащІэхъуэ щІэблэм я гъуаэзэу кьызэрагъэгурыкІуэр.

Щэджэм ЕтІуани къуажэм администрацэм и Іэтащхьэ КІыщ Хьэсэни яхэту, гупыр абы иКІри, пелуан Лашьи щызэуэ чанэм зэхьэм кІуащ. КІыщ Хьэсэн зэІущІэм хэт дзэхэнэми узышнагъэ, гуфІэгъуэ, насыпи яІэну ехьуэхьури, лъэпкъым адэкІи зиужьыну зэрригуапэр зэкІриІащ.

Бахьсэн и «Берычэт» шхапІэм Къундетхэ кьыщаІэта Іэнэ берычэтым здыпэрысым, Къундетей кьуажэр кьызэрыІунэхуам теухуауэ кьыщаІуэтэжа хьыбарыр гъэщІэгъэунэ...

Гъатхэ пасэт. Щымахуэ уэсыр тІкІужри, Бахьсэныжьыр уэру кьиуат. Кьызбрун бгым Тамбий Къэбардэ, зы блигуІэт щыгъуу, тетт. Абы иприхьэлІэу кІахэ адыгэхэм ящыщ зэкъуэшищ - Къундет, Кьылъшыкъуэ, Гъубж - псым кьыІухьащ. Тамбийпщымрэ и блигуІэтымрэ гу льатащ абыхэм. БлигуІэтым зыхуигъаэзри Къэбардэ жиІащ: «Псыр кьыІэпэІэзыупщІыфым сипхьу Зулихьан щхьэгъуэ хуэсщынщ, си мылькум и зэхуэдитІри естынщ». Къундет псы къэукъуфыем кьыхьхьэри, зримыгъэхьэхьыну енькъуэкъуэрэ зэпиупщІри, адрей Іуфэм кьщыщхутащ. Ар щым кьепсыкри Тамбийпщымрэ абы и гъусэмрэ гуапэу фІэхьыс эрихащ, БлигуІэтым пщым жиІар Бахьсэн и «Берычэт» щхапІэм Къундетхэ кьыщаІэта фэр трихри, псыгъуэ кІыхьу зэпиупщІащ. Фэдэнхэр кьищтэри щыкъу адэм и деж кІуащ. Зэхуэсэ жьыгэр и щыхьэту выфэм кьинубыд щІым хуэдиз кьищтащ.

Тамбийпщым ар зэрригъэщІэгъуэнри имышІэу щытт, кьуажэдэсхэри адэкІэ кьэхунум пэпльэу зэхэтт. Къундет и фэдэныжьмкІэ кьиубыдат Бахьсэн ауэым щыщІэдзауэ Щхьэлыкьэпсым нэс, Тохьуэмащей (Лашьинкьей) кьуажэм щегъэжьауэ Альтуд кьуажэм нэсыху. ЛІэщІыгъуиплІ-тхукІэ уэзІебэжІыжьмэ, апхуэдэ щІыкІэкІэ кьуэнэхуэащ Къундетей кьуажэр, щІалэм и цІэр зыфІищжьа жьыгэр.

Кьыхэгъэщыпхьэщ, адыгэ лъэпкъым и унатъуэдэхэмрэ кьуажэкэмрэ я тхыдэм мыпхуэдэ хьыбархэм гъунэжу уэзрыщрихьэлІэр. Ди жагъуэ зэрыкьуэщІи, зи жьыгэ, зи лъэпкъ и кьекІуэкІыкІам щымыгъуазэхэри щыІэщ. Ауэ кьуажэ зыбжанэм я тхыдэр тхыльу дунейм кьыІэзрытехьар гуапэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, «Арщыдан кьуажэм и тхыдэр», «Къхъунэ кьуажэм и тхыдэр», «Псыхъурейдзэхэм я кьекІуэкІыкІам теуХуа дэфтэрхэр», «Махъсидэхэрэ Атэлыкьхэрэ я лъэпкъым и кьекІуэкІыкІар», нэгъуэщІхэри.

Медицинэм, спортым, щэнхабэм, гъуэздэжьм, экономикэм, нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІа щІыху гъуэзэджэхэр, еджаг зышхуэхэр Къундетхэ кьаІэзрыхэкІам дыщыгъуаэзэщ. Лъэпкъым и нэхъыжьхэм я гъуэгу дахэм тет я щІэблэрэ Москва, Налшык и адыгэлІэ нэхъыщхьэхэм щоджэ. Ар и щІыхьэтщ лъэпкъыр зэрызэрыпнІэм.

Щыху 80-м щІигъу зыхэта Къундетхэ я зэхэхьэм нэхъыжьхэм унафэ кьыщащтащ бжьыхьэм Къэрэшей-Щэрджэс Республикэм лъэпкъыр щызэхуэсыну. Ар зэхуаплалъэу зэбгрыкІыжащ. Къундетхэ я кьуажэх Тыркъм щыІэщи, абыхэми зэхуаІэ пыщІэныгъэр ягъэбыдэну я мурадщ.

КІЫЩ Светланэ.

Къундетхэ я пщащэ дахэхэр.
Сурэтхэр **КЪУНДЕТ Альберт** *(КъШР) трихащ.*

Марие и лъагапІэщІэ

КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм щекІуэкІащ Кучинэ Марнерэ абы и гъэсакІуэ Іэзэ Габриилич Геннадиирэ я пресс-конференц. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуащ атлетикэ псынщІэмкІэ иджыблагъэ екІуэкІа чемпионатым Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэм лъагагъым елъэныкьмкІэ дыщэ медаль къыІэрыщихьар.

ОЧКО 354,5-рэ кьихьри а зэхьэзэхуэхэм Урысейм и командэ кьыхэхар щытекІуащ. ЕхъулІэныгъэр зи фІыщІэхэм ящыщу 198-рэ лъагагъым щхьэпрыльу рекорд зыгъэува Кучинэ Марие.

Кучинэр Урысейм и командэ кьыхэхам и спортсменкІэ нэхъыщІэ дыдэхэм ящыщу. Илъэс 20 зи ныбжь пщащэр спортымкІэ дунейпсо класс зиІэ мастерщ, ныбжьыщІэхэм я дунейпсо чемпионатым, Сочиим щекІуэкІа ныбжьыщІэхэм я ятІо Олимп зэхьэзэхуэм щытекІуащ. Къэралым и щІалэзгъуэлэ командэ кьыхэхам зи зэфІэкІ щыІэгъэльагъуэ Кучинэ Марие Прохладнэ къалэм дэт олимп резервхэмкІэ сабийныбжьыщІэ школым и гъэсэнщ, КъБР-м и командэ кьыхэхаэр щагъэхьэзыр спорт центрым и еджакІуэщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм, псом хуэмыдэу республикэм и Іэтащхьэм, Спортымрэ туризмэкІэ министерствэм нпу фІыщІэ яхуэозу ди спорт лІэужьыгъуэм хуащІ гульитэм папщІэ. Дэ сыт щыгъуи зыхьыдощІэ псэкІэ, мыльакуэкІэ зыкьыІэзрытщІагъэкъуэр. А псори Іэмал имыІэу узыхуейщ нэрылъагъу екъуІэныгъэхэр зыІэрыбгъэхьэн, лъагапІэщІэхэм унэсын папщІэ. ЖиІащ Кучинэ Марие.

Атлетикэ псынщІэмкІэ щІэрыІуэ спортсменкэмрэ абы и гъэсакІуэмрэ пресс-конференцым кьрихьэлІахэм я мурадхэмкІэ ядэгугъащ. Габриилич Геннадий зыгъэсэныгъэхэр Налшык щрагъэкІуэкІмэ кьаэзрыущхьэпэнчр кьыхигъэщатэ, ар КъБР-м спортымрэ туризмэмкІэ и министр АфІэуанэ Астьпэ диныгъащ икІи Кучинэм зыІэрригъэхьа екъуІэныгъэмкІэ иджырэ зэ ехьуэхъури, мы махуэхэм щІэзыдзэ XXVII гъэмахуэ Университадэм текІуэныгъэ кьыщихьмэ, псоми яфІэкІыу къэралыр, и лъахэр игъэлъапІэмэ зэрригуапэр, зэпеуэм зэрыкІэлъыплъынур, Марие абы зэрыщыдНІыгъынкІэ жиІащ.

Фигу къэдгъэлЫжьынщІ, бадзэуэгъуэм и 6 - 17-хэм Къэзан щекІуэкІынущ XXVII гъэмахуэ Университадэ.

УАРДЭ Жантинэ.

Кучинэ Марие

Іэпщэрыбанэ

Ди щІалэхэр нэхъ лъэщщ

Уфа къалэм щагъэлъэпІащ «Динамо» спорт зэгурыІуэныгъэр мпъэс 90 зэрырикъур. Махуэшхуэ зэІущІэм кърихьэлІащ Урыфэйм ЩынагъуэнщагъэмкІэ и советым и секретарь и гъэсакІуэ Нургалиев Рашид.

МАХУЭШХУЭМ и купщІэ нэхъыщІхьэу щытащ махуиплІкІэ екІуэкІа ІэпщэрыбанэмкІэ «Динамо» Совет нэхъыщхьэм и урысейпсо чемпионатым и кІэух зэпеуэр. Абы хэтащ УФ-м и щІыналъэ плІыщІым ящыщ къэралым и спортсмен 120-рэ. ІэпщэрыбанэмкІэ я спортсмен нэхъ лъэщхэр утыку ирагъэхьащ къэралым и МВД-м, ФСБ-м, ФСКНН-м, МЧС-м, таможеннэ щхьэпрыльм, ФСИН-м, нэгъуэщІ ведомствэхэм. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменищІ.

Ди лІыкІуэхэм медали 6 кьахьащ, икІи езыхэр зыхэта гупым я дежи командэ зэпеуэм япэ увыпІэр щаубыдащ.

Щхьэзэкъуэ зэпеуэхэм щытекІуащ Кьанэмэ Астемыррэ Тенджыз Арсенрэ. Тіуми Куба кьажэм зыщагъасэ. Абыхэм я кьуажэгъу Бесльэней Нурмуэхьэмэд етІуанэ увыпІэр кьихьащ. Кубадэс АфІэунэ Аскэрхьан, Дыгулібгъуей щащІ. Хьэжьрокъуэ Валерэ, Налшык икІа Ибрахимрэ Рустам сымэ жэз медалхэр кьаІытащ.

Ди щІалэхэм я тренерщ Мамсэгъэз Іэдэмрэ Хьэчимрэ.

ГъэУнэ Светланэ,
КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапэ.

●КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Аргуэру джэгупІэ щэху кьыщІагъэщ

НАЛШЫК кьалэ Ахьуэхьум и цІэкІэ щыІэ уэрамым щэхуу щагъэлажьэ джэгупІэ КъБР-м щыІэ МВД-м экономикэ шыпагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщІэтыныкьмкІэ и управленэм и лэжьакІуэхэм СОБР-м и зауэлІэхэр ящІыгъуу, зэхуащІыжащ. Зэрыщжэгу автомату 6-рэ ахьшэрэ кьытрахащ.

Илъэсыр кьиІэхьэрэ зи республикэм джэгупІэ щэхуу 154-рэ щыІэхуащІыжащ. ХабзэншагъэкІэ кьагъэсэбэп зэрыщжэгу автомату 559-рэ, абыхэм ящІыгъу Іэмэпсымэу 546-рэ кьыщІагъэщащ.

Экспертхэм Іэрагъэхьэ

«ДОНГУЗ - ОРУН» щхьэзэхыпІэм и къэбарыр щыІэ полицейхэмрэ къэлэныхьуакІуэхэмрэ кьыщагъуэта ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и зэманым щыІа топгъэу Іэщэхэм я щІыпІэхэу зэхэтр экспертхэм Іэрагъэхьащ.

«Урысей дзэ-тхьыдэ зэгухьэныгъэм» хэтхэмрэ «Сталинград зауэ» музей заповедникым и пэжьакІуэхэмрэ «Донгуз-Орун» щхьэдэхьпІэм метр 2800-рэ лъагагъым и мылыпІэм кьыщагъуэтащ топгъэу лагъымыдэ Іэщэхэр, тетыпІэ зэрэхэтхэ зы ащІ, зенит пулеметым и пкъыгъуэхэр - псори зэхэтэу Іэщэ Іэмэпсымэ 21-рэ. Ахэр псори КъБР-мкІэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым ягъэхьащ.

Мыхэр япэ кьэрэгъуэтымгъэкъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгыхэм фашистыдзэм и зауэлІэхэхэм пэщІэту ди сэлэтхэм зауэ гъащІэхэр щрагъэжьуэжащ икІи а зэманм хьэлъэм и дежрпэджжэкьым нобэр кьыздэсым зыкьыуегъащІэ.

Мурадыр кьэхъуІакъым

УРЫСЕЙ Федерацэм и МВД-м Дзэлькьуэ куеймкІэ и кьудамэм и лэжьакІуэхэм яубыдащ 1967 гъэм кьалъхуауэ Кьулькужкьи Ипщэ щыгъэр. Абы сом мин 120-рэ и уасэ шиплІ кьидыгъури, гъунэгъу республикэм щигъэпщкІуну хэтащ. АрщхьэкІэ кьежьулІакъым - Іэщыр зейи и чэзум полицэм зыхуигъэзащ икІи дыгъуакІуэр хэтми псынщІэу яубзыхуащ.

Уголовнэ Іуэху кьаІэтащ. Яубыдар апхуэдэ нэгъуэщІ щІэпкьагъэхэм зыщІамэ къапщытэ.

ХьэкІэкъуэкІагъэ

УРЫСЕЙ МВД-м и Прохладнэ къуажэм и гъэрекІуэкІуэхэм яубыдащ 1985 гъэм кьалъхуа Прохладнэ кьалэдэсыр. Кьалэжьхэ нэхъыщхьэм абы сынэкъ тель венок зыбжанэ щигъэсащ.

Я Іыхьлыхэр щыщІалъхьа щІыпІэм ираха икІагъэр зыльэгъуакъэм ягъэвар жьыІэгъуейр. Іуэхур щызэхэгъэкІыж зэрыубзыхуамэ, зыбгидам щхьэ-щІэхьэр наркотик зрехьэлІэ, лажьэрыкъым.

Зыгъэхьэзырар
ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэщ.

●Ди зэманым и лІыхъужь

Урысей Федерацэм и Президентым и саугъэтым щыщІэбэна щыгъажэ Москва и ипподром нэхъыщхьэм иджыблагъэ щекІуэкІащ. Къэралым и щы заводэм я зэпеуэм Малкэм ещанэ увыпІэр кьыщихьащ. ПщэгъуэпІь инджыдыз щы лъэпкъ кьабзэ Хай Флэйм метр 1800 гъэгуанэр кьыщыІэзэпичым, мащІэ дыдэкІэ пашэм кьыкІэрыхуауэ аращ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым ишхэр зэпеуэ лІэужьыгъуэу тхум хэтащ, ауэ ехьулІэныгъэ зыІэрызыгъэхьар Хай Флэйм и закъуэщ.

Зэхьэзэхуэм кьрихьэлІахэм зэрыкьаІамкІэ, пщІэ зиІэ мыпхуэдэ щыгъажэхэр щы гъэхъуным зегъэужьыным утезыгъэгушхуэщ, гукъыдэжж кьоэзытщ, сэбэп зыпылъщ.

Абыхэм щызэрыхагъэщамкІэ, илъэс кьакІуэ КъБР-м и щыгъажэхэм зэпеуэм зыкьылІэнэгъэ щІэн папщІэ я гуащІэ еблэжьынукьым.

КъБР-м Мэкъуэмэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапэ.

● Шыгъажэ

Хай Флэйм пщІэгъуэплъыр

Абыхэм щызэрыхагъэщамкІэ, илъэс кьакІуэ КъБР-м и щыгъажэхэм зэпеуэм зыкьылІэнэгъэ щІэн папщІэ я гуащІэ еблэжьынукьым.

КъБР-м Мэкъуэмэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапэ.

● Зэхьэзэхуэм и пэ къихуэу

Иджыри дызэлэжьыпхъэхэр мащІэкъым

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым 2013 - 2014 гъэхэм щекІуэкІыну зэхьэзэхуэм бадзэуэгъуэм и 7-м щІедзэ. Абы и пэ кьихуэу дз зыхуэдгъэзащ «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Шыпш Тимур нкІи ди командэм Тыркъм зэрыцыхьэтщ щыкІмэрэ гупым игъуэта зэхьэзэхыныгъэхэмрэ тедгъэпсэлъыхьащ.

- Тимур, Тыркъм щызэхуэзгъэувыжа кьалэнэхэр гъэщІа хьуа?

- Зыгъэсэныгъэм и программэр дгъэзащІ, зэныбжьэгъугъэ зэІущІэхэм я гугъу умыщІмэ. Дезыгъэблэгъэхэм дыкьаІэзгуфІат Ираным щыщ командэ лъэщхэм дыдагъэджагуну, арщхьэкІэ ахэр Тыркъм къэкІуакъым. «Африкэм и етІуанэ командэ кьыхэха» зыІэпаща гуп гуэрыкІ дыІуагъэщащ, Ахэр зищІысыр гуРыІуэгъэтэкъым икІи сыт щыщхьэкІэ зэхуащэсами сщІэркъым. 8:0-у я зэрыхэдгъэщІам псори наІуэ кьыпщещІ. ИлъэжьпІэкІэ махуэр дгъэкІуэдыжа аращ. Абы щыгъуэм Азербайджанэм и «Симург» командэ лъэщым ноБэкІэ ди зэмдэхьэгъэ зэдынэсхэр наІуэ кьитащ. 1:0-у абы дызэрытекІуам щІалэхэм я гукъыдэжьыр кьиІэтын хуейщ, ауэ иджыри дызэлэжьыпхъэхэри мащІэкъым.

- Хэт сымэ я гъусэу? «Спартак-Налшыкым» гупыщхэу хэкІыжащ, кьыхьхьауэ зэкІэ ягъэІуар «Шинник»-м кьыкІа гъущхьэтет Цыган Николай и закъуэщ.

- Пэж дыдэу, хэнщІыкІыу хэщІыныгъэ диІэщ. Новгород Ищхьэр и «Волга»-м кІуащ ди джэгуКэр зэпыщащІу Концедалов Роман. Багаев Михаилрэ Болэ Руслани хэщІыныгъэщхэу. Апхуэдэ дыдэщ ящхьэрзынэу зэхьэзэхуэ блэжьам зыкьыщІыгъэльэгъуэ гъуэщхьэтет Коченков Антон. Балэ Рустамрэ Дорожкин Денисрэ нэгъэущІ командэхэм хьыхащ.

Цыган Николай гъущхьэтет хъарзынэщ, ауэ Коченковыр хуэфащэу ихьуэжьыфынуми хэт ищІэн - ар къэзыгъэльэгъуэнур щІэзыдзэ зэхьэзэхуэрэ.

- Рухайа Гуджэ теухуауэ сыт кьыджеПІэфын, ар «Урал»-м кьихьэр?

- НобэкІэ Рухайа «Спартак-Налшыкым» и топлджэгущ. Фэбжь нэужьым ар зэфІэувэжащ икІи ди гупым хэту зегъасэ.

- Цыган кьищынэмыщІауэ, нэгъуэщІхэри зыхэзгъэхьэну?

- Саратов и «Сокол»-м кьыхэтщыну дыхуэщокьу Гарбуз Константин. Дыщогугъ абы Багаевыр ихьуэжьыфыну. КъищынэмыщІауэ, Тыркъм ди гъусэу зыщІысыгъэса гъуащхьауэри зыхэзгъэхьэнущ.

Аращ зэхьэзэхуэм и пэ кьиуэру ди Іуэхуэхэр зэрыщытыр. Зи гугъу сщІахэм фІэкІа зыри нэгъуэщІ зыхэдгъэхьэну кьыщІэкІынкъым.

- Медведевыр Налшык къаІэрэ?

- «Сибирь»-м абы и бэдзэндым кьыпищэну хьэзырщ, езы Алексеи Налшык къэнэну хуейщ. Абы кьыхэкІыу мыгугъэу дызэгурыІуэну дыщогугъ. Сыбзыщынкъым, Медведевыр кьыхэзгъэтэкъым хуабжьу сыщогугъКІ. КъищынэмыщІауэ, Руа Карлосиі бдзэжьэу зэрыті ыгъэ пІалъэм кьыпидощэ. АбыкІэ Юрмалэ» и «Спартак»-м дыгугыІащ.

Зытхыжар
ХЬЭТАУ Ислъамщ.

ПэщІэдзэ зэІущІэхэр

ЯПЭ ДИВИЗИОН
Япэ джэгуГъуэ
Бадзэуэгъуэм и 7
(тхьэмахуэ)
«Мордовия» (Саранск) - «Спартак-Налшык» (Налшык)
«Динамо» (Санкт-Петербург) - «Арсенал» (Тулэ)
«Сибирь» (Новосибирск) - «Торпедо» (Мэзкуу)
«Енисей» (Красноярск) - «Ротор» (Волгоград)
«Шинник» (Ярославль) - «Нефтехимик» (Нижнекамск)
«СКА-Энергия» (Хабаровск) - «Салют» (Белгород)
«Газовик» (Тюмень) - «Луч-Энергия» (Владивосток)
«Шинник» (Ярославль) - «Балтика» (Калининград)
«Уфа» (Уфа) - «Алания» (Владикавказ)
«Ангушт» (Нэзрэн) - «Нефтехимик» (Нижнекамск)
ЕтІуанэ джэгуГъуэ
Бадзэуэгъуэм и 13
(щэбэт)
«Мордовия» - «Динамо»
«Алания» - «Ангушт»
«Балтика» - «Химик» (Дзержинск)
«Луч-Энергия» - «Шинник»
«Салют» - «Газовик»
«Ротор» - «СКА-Энергия»
«Торпедо» - «Енисей»
«Арсенал» - «Сибирь»
«Спартак-Налшык» - «Нефтехимик»
Ещанэ джэгуГъуэ
Бадзэуэгъуэм и 18
(махуэку)
«Динамо» - «Спартак-Налшык»
«Сибирь» - «Мордовия»
«Енисей» - «Арсенал»
«СКА-Энергия» - «Торпедо»
«Шинник» - «Салют»
«Химик» - «Луч-Энергия»
«Уфа» - «Балтика»
«Нефтехимик» - «Алания»
Бадзэуэгъуэм и 19
(мэрем)
«Газовик» - «Ротор»
ЕплАнэ джэгуГъуэ
Бадзэуэгъуэм и 23
(гъубж)
«Мордовия» - «Енисей»
«Динамо» - «Сибирь»
«Балтика» - «Ангушт»
«Луч-Энергия» - «Уфа»
«Салют» - «Химик»
«Ротор» - «Шинник»
«Торпедо» - «Газовик»
«Арсенал» - «СКА-Энергия»
«Спартак-Налшык» - «Алания»
Етхуанэ джэгуГъуэ
Бадзэуэгъуэм и 28
(тхъэмахуэ)
«Сибирь» - «Спартак-Налшык»
«Енисей» - «Динамо»
«СКА-Энергия» - «Мордовия»
«Газовик» - «Арсенал»
«Шинник» - «Торпедо»
«Химик» - «Ротор»
«Уфа» - «Салют»
«Ангушт» - «Луч-Энергия»
«Нефтехимик» - «Балтика»

Гу зылъытатхэр: 1. МылькуІэ зэрыпэмылъэщыр и щхьэусагъуэу Ешовскэнщэ и «Металлург-Кузбасс»-р зэхьэзэхуэм хэкІыжащ.

2. Санкт-Петербург и «Петротрест»-м и щІэр «Динамо»-кІэ яхъуэжащ.

3. Телевиденэм кьызэрыгъэльэгъуэнум ельытауэ, джэгуГъуэхэр щеКІуэкІыну мазхуэхэм зэхъуэжьынкІэ хъунущ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылаев Зауфэм (редактор нэхъыщхьэм и кьудэдэ), **ЖьэкІэмыкьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьудэдэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьудэдэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхьэсекретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжькьаро Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэ.**

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэжІ.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ешІапІэ кьат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьудэдэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жьыгъуэмрэ лъэныкъуІуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэм ІуэхущІапІэхэм я дзэлажьэныкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІуэхущІапІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм зэхуэдизкІэ, Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ельытыгъэ зэпытуэу щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзэм яхуэхьынымрэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хьэмэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым къыдагъэм 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэр: **жуэап зыхь секретарым и кьудэдэ ДышэкІ Светланэ, редактору НэщІэныджэ Замирэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(3, 4, 5-нэ нап.),* **ПхъатІыкІ Азэмат** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **корректорэу я лэжьыкъуэгъу Мырзэкъан ФатІимэ.** ***КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ*** **Ныр Сандэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** ***сурэтхэм елэжьар*** **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.178 ● Заказ №1738